

# CHWAZI YON EPOUZ



Anpil moun malad. Mwen pa ka pran yo tout yon sèl kou. Men, tande.

<sup>2</sup> Mwen kontan tout bon poutèt m isi a ankò, aswè a, nan bèl oditoryòm sa, nan mitan gwoup moun debyen sa yo. E nou t ap antre, la a, talè a, moun yo ki kanpe nan lari a te di yo pat kapab antre. E mwen te di: “Ebyen, petèt mwen ka jwenn yon ti plas pou nou.” Men yo pat vle kite yo desann. Kifè Mwen ekskize m poutèt nou pa gen ase plas pou yo. Yo di anba lakav la te plen, tou. E alò nou ekskize nou pou sa. Men nou kontan poutèt nou isi a, e nou kontan wè tout bèl gwoup minis sa yo, nèg òganizatè ki la yo, ak tout delegasyon ki sòti nan tout rakwen peyi a.

<sup>3</sup> Mwen te gen gran privilèj pou m te pale maten an pandan nou t ap pran manje maten, sa te vrèman fè m plezi dèske m te gen lonè pou m te pale devan kalite moun debyen sa yo. Mwen t ap pale sou sijè sa a: *Pay La Pap Eritye Ak Ble A*. Mwen pat arive fini l. E se pat—se pat fòt frè a. Li te eseye mande moun ki responsab la pou l te kite nou rete yon ti jan plis, men li jis pat vle. Mwen vrèman apresye sa, Frè Demos. Se trè, trè janti. Mwen vrèman remèsye nou pou jantiyès nou, nou chak. Men yo jis pat vle kite nou fè l. Kifè nou te jis oblije—oblije mete yon fen. M va reprann sa, yon lòt fwa, pou m fini l: *Pay La Pap Eritye Ak Ble A*. Èske nou te konprann sa, nou menm ki te la? Mwen espere ase te di pou nou te ka konprann.

<sup>4</sup> Bon, mwen konnen, aswè a, gen yon gwoup oratè, tou, alò mwen pa vle kenbe nou la a ase lontan pou nou pa manke sa. Paske, mwen kwè tout bon ke se yon avantaj pou—pou moun—kwayan Pannkotis yo, gwoup oratè sa yo nou te wè yè swa a. Yon gwoup mesye tèlman debyen, ak de kalite bèl repons, dirèk. Sa te fè m santi m vrèman byen, pou m wè sa. Mwen gen konfyans ke Seyè a pral beni sa, aswè a. E nenpòt moun ki va gade a, ke yo kapab kwè. Sa se priyè sensè pa m.

<sup>5</sup> E se pa ti kras temwayaj ki rantrè, jodi a, sot nan lapòs ak telefòn, sou kantite moun ki te geri nan reyinyon sa. Sa te fè m tèlman kontan. Dèske se, se rankontre moun malad, sa se ministè pa m.

<sup>6</sup> Mwen—mwen monte isi a pou m preche. Mwen, nou konnen, m pa yon predikatè. Men mwen, avèk sa, ak gramè Kentucky m nan, kankou “his, hain’t,” ak—ak tout lòt jan de koze sa yo, kifè mwen—mwen pa ka di mwen sa nou rele yon predikatè modèn jodi a. Mwen—mwen pa ka okipe plas sa, paske mwen—mwen pa gen edikasyon.

<sup>7</sup> Men mwen renmen di sa m konnen sou Sa, pou lòt yo, oswa sa mwen santi m konnen sou Sa, pou lòt yo, jan m te aprann Li, sa

Li ye pou mwen. Li se tout vi m, tout sa mwen pat janm espere, e pi plis ankò ke m pat janm panse, ke m t ap janm gen yon zanmi, apèn, sou tè a, lè m te tou piti. Men mwen vrèman gen rekonesans pou bon zanmi m yo jodi a.

<sup>8</sup> Mwen se . . . [Yon frè di: “Nou gen yon ti pwoblèm pou n tande dèyè a, Frè Branham. Fè yon ti apwoche.”—Èditè a] O, ekskize m. Mwen—mwen gen lè yon ti jan mal plase isi a, la a, li vle di.

<sup>9</sup> Kounye a, pou nou antre dirèk nan sèvis la, annou li Lèzekriti. Mwen—mwen toujou renmen li Bib la, paske Se Pawòl Bondye. Mwen kwè sa. E mwen kwè Li se Pawòl Bondye ki pap fayi a. E kounye a mwen genyen kèk pasaj nan Lèzekriti ki ekri la a, e kèk nòt kote mwen ta renmen ale pou apiye m, pou yon ti moman, petèt pou karantsenk minit.

<sup>10</sup> Epi n ap sòti a lè pou n al wè bèl gwoup oratè sa ankò aswè a. E mwen gen konfyans ke Bondye pral kontinye beni nou nèt ale. E mwen konnen sa nou gen pou nou fè. E mwen sipoze kondwi ale jouk Tucson, ankò, aswè a, ou wè, alò ou ka imajine w. Se yon wout dizèdan.

<sup>11</sup> Epitou m ap pati a letranje, e mwen dwe al pran yon piki pou lafyèv jòn demen maten nan biwo gouvènman an. Kifè mwen—mwen dwe ale laba a. Mwen te ranvwaye l, lòt jou, e yo pap dakò pou m di yo “non” ankò kounye a. E mwen gen yon lòt piki pou m pran pou tetanòs ak fyèv jòn, epi vitamin mwen yo.

<sup>12</sup> Kifè, mwen tèlman gen rekonesans pou okazyon sa, ak—ak bèl reyinyon nou te genyen anvan konvansyon an. Sa te vrèman fè kè m tresayi. Nou se yon bann moun debyen. Mwen gen konfyans ke Bondye ap beni nou.

<sup>13</sup> Kan gran moman enkonparab sa . . . Gwo mons sa ki lonje laba a, ki te chikin kò l an Alaska, sa fè kèk jou, li te souke ke l ankò maten an, toutarebò a la, desann jouk nan Washington. Li ka dirije l bò isi a, tèlman fasil. E si jamè Sentespri a ta di m klèman . . .

<sup>14</sup> Yon moun te jwenn repons li . . . kan li te mande m: “Èske sa ap rive bò isi a, Frè Branham?” Non, m pa konn sa. Mwen jis pa okouran, jiskask m vrèman konnen. Sa se laverite.

<sup>15</sup> Mwen toujou vle onèt avèk nou. Mwen jis pa pral pretann, pran okenn ide, oswa kèk bagay, ke mwen kwè, oswa yon bagay konsa. Kan mwen di nou, sa pral rive. Ebyen, Li dwe di mwen, anvan, e alò m va di nou. Mwen—mwen konnen ke lemonn antye nan yon kondisyon kap brase. Nou nan dènye tan an. Men gen yon sèl bagay ke mwen eseye vini . . .

<sup>16</sup> Frè Shakarian t ap di maten an, kouman li te konn abitye ale nan liy priyè a, epi desann la a pou l pran kat sa yo anvan moun yo moute la, pou l gade yo, ak wè si—si m konn di yo sa yo te ekri sou yo. Yo ekri tout kalite bagay sou kat priyè yo, ou konnen, e li te jis vle wè si sa te kòrèk. Li di, pami tout santèn kat li verifiye yo,

pa janm gen youn ki fo. Pap janm gen youn ki fo, ou wè, paske, tou—toutotan ke se Bondye. Si janmè mwen ta mete afè pa m nan sa, alò li fo depi la menm pou kòmanse.

17 Gen yon ti fi papa l chita, ap tandè m kounye a, ki vin bò kote m, sa pa fè lontan. Li te fè yon rèv. Li di: “Frè Branham, kisa rèv sa vle di?”

18 Mwen di: “Mwen pa konnen, sè. M pral chache konnen, si Seyè a ap di m.” Kifè mwen t al eseye mande Seyè a, e Li pa janm di m.

19 Ti fi a te retounen ankò. Li di: “Ebyen, kounye a kote entèpretasyon rèv mwen an?”

20 Mwen di: “Vin isi, ti cheri, chita.” Mwen di: “Papa w ak manman w se bon bon zanmi m yo ye. Ou wè? E yo soti jis Kanada, yo pran retrèt yo, e yo vin pase kèk tan la avè m. Yo kwè sa, sa m ap eseye di a. E mwen pa janm di pyès moun yon bagay ki fo, ak fèm entansyon, nan vi m. Si mwen . . . Mwen kwè mwen konnen sa rèv la vle di. Men pazavan ke m pa wè rèv sa mwen menm, e si Li pa di m sa l vle di, mwen pa kapab di ou. Ou wè, si m jis ap envante yon bagay, ka gen yon tan ke ou ka bezwen m ant lavi e lanmò, epitou ou ka pa kapab konnen si pou w kwè m ou si pou pa kwè m.”

21 Si mwen di ou nenpòt bagay nan Non Seyè a, se sa l ye tout bon. Se Li Ki di m sa. E jiska prezan, depi tout ane sa yo, atravè lemond, e patou nan lemond, Li pa janm fayi yon sèl fwa. Paske . . . E, bon, ou konnen ke yon imen pa ka enfayib. Sa pran Lespri Bondye pou fè sa.

22 E kounye a mwen gen yon Mesaj ke mwen responsab. E anpil fwa, pami moun yo, petèt moun ki pa chita pou reflechi yon minit ebyen, yo pran m, pou yon—yon, o, yon moun tèrib, ke m pa renmen moun, e ke m toujou ap demoli yo an pyès. E se pa konsa sa ye. Se pa konsa sa ye. Mwen renmen moun. Men, ou konnen, lanmou ap korije.

23 Si ti pitit gason w lan te chita nan lari a laba a, epi ou di: “Junior, cheri, mwen pa vle ou rete la a, men . . .” E machin yo ap klaksonnen l, epi ou fè l antre. Li kouri sòti ankò. Bon, ou ta dwe korije l. Si ou renmen l, w ap korije l. Ou oblije.

24 Si ou ta wè yon nonm ap flote desann nan yon rivyè, l ap dirije l nan yon chit dlo, sou yon ti bato, e ke ou konnen bato sa pral koule osito ke l tonbe nan chit dlo a, èske ou t ap di: “John, ou, petèt ou ta dwe reflechi yon ti moman, petèt ou ka pa chape?” Si m konnen li pap chape, m ap prèske rale l ak tout fòs sot nan bato a, si m kapab, paske se lanmou ki fè sa.

25 E kounye a, nan Mesaj sa yo ke m ap preche a, mwen pa janm eseye rantre okenn doktrin, oswa lòt bagay. Mwen—mwen fè sa nan pwòp legliz pa m. Men deyò pami gason ak fanm ki nan diferant denominasyon e ki gen diferant ide, mwen jis eseye

pran sa on ti jan dous, m eksplike; men jis ase pou ke si ou ne ak Lespri Bondye, mwen kwè ke w ap konprann sa m vle di a, pami Kretyen yo, Metodis, Batis, Presbiteryen, nenpòt ki lòt.

<sup>26</sup> Bon, aswè a, mwen vle al lan Jenèz, chapit 24. Mwen vle li . . . kòmanse ak vèsè 12 nan Jenèz chapit 24.

*Li lapriyè, li di: O Bondye LETÈNÈL . . . Abraham, mèt mwen, Tanpri, fè m jwenn jodi a sa m ap chache a, Moutre jan ou bon pou Abraham, mèt mwen.*

*Men mwen kanpe bò pi a, kote medam yo ap vi n chache dlo:*

*Mwen mande ou pou jenn fi ki va reponn mwen lap ban m Bwè lèfini lap bay chamo m yo bwè tou, lè ma di l: Tanpri, bese krich ou a ban m ti gout dlo pou m bwè, fè se li menm ou chwazi pou Izarak, sèvitè ou la. Lè sa a, ma konnen jan ou bon pou . . . mèt mwen vre.*

<sup>27</sup> Epi nan Liv Revelasyon. Jenèz, sa se premye liv nan Bib la. Kounye a, nan dènye liv nan Bib la, mwen vle li nan Revelasyon chapit 21, vèsè 9 la.

<sup>28</sup> Nou konnen kisa Pasaj sa nan liv Jenèz isi a . . . Nou ka li tout chapit la, si nou vle. Se Bondye ki voye Elyezè. Ou pito, Abraham ki voye Elyezè, ekskize m, pou chwazi yon epouz pou Izarak. E la bèl Rebeka te vi n parèt, yon répons egzat pou priyè ke—ke Elyezè, sèvitè Abraham nan, te fèk sot fè.

Kounye a nan Revelasyon chapit 21 vèsè 9.

*Youn nan sèt zanj ki te kenbe gode plen ak sèt kalamite yo vin di mwen: Vini non. Mwen pral moutre ou lamarye a, fyanse ti mouton an.*

<sup>29</sup> Bon poutèt sa, mwen vle pran pou sijè, aswè a: *Chwazi Yon Epouz*. E sa se, si frè m nan k ap anrejistre la a vle, sa se jan de kasèt ke ou kapab kouri kite sòti.

<sup>30</sup> E kounye a, nan sans sa, sa pa vle di egzakteman ke m ap pale ak kongregasyon ki la a kounye a, men kasèt sa yo prale nan lemonn antye. Yo tradwi nan, prèske, o, nan yon pakèt lang, menm nan peyi payen yo toupatou nan lemonn. Nou voye kasèt sa yo, gratis, sou kont legliz la. E yo tradwi. E jouk nan tout jeng yo an Afrik, e o Zend, kasèt sa yo ale toupatou nan lemonn.

Bon, chwazi yon Epouz!

<sup>31</sup> Nan anpil bagay nan vi a nou gen dwa fè yon chwa. Menm fason pou viv la, li menm, se yon chwa. Nou gen dwa chwazi pwòp fason pa nou, chwazi pwòp fason nou vle viv.

<sup>32</sup> Edikasyon se yon chwa. Nou ka chwazi si nou vle edike oswa si nou pa vle edike. Sa se chwa ke nou ka fè.

<sup>33</sup> Byen an ak mal la se yon chwa. Tout gason, tout fanm, tigason ak tifi, dwe chwazi si yo pral eseye viv kòrèk oswa pa viv kòrèk. Se yon chwa.

Fè yon chwa se yon gwo bagay.

<sup>34</sup> Destinasyon Etènèl ou se yon chwa. E petèt, aswè a, kèk nan nou pral fè chwa sa—sa, ki kote ou pral pase Letènite, anvan sèvis sa fini aswè a. Gen yon lè k pral rive, ke, si ou rejte Bondye anpil fwa, pral gen yon lè ke ou pral rejte L yon dènye fwa. Gen yon liy ant lagras e jijman. E se yon danje pou yon nonm oswa yon fanm, tigason oswa tifi, pou travèse liy sa, paske pa gen tounen dèyè ankò lè ou depase limit sa. Kifè, aswè a, se petèt moman ke anpil moun pral pran pwòp—pwòp desizyon yo, ki kote yo pral pase Letènite ki pap janm fini an.

<sup>35</sup> Gen yon lòt chwa ke nou gen pou n fè nan lavi, se, yon konpayon pou n fè vi nou. Yon jèn gason oswa yon jèn fi, ki vle antre nan lavi, gen—gen dwa fè yon chwa. Jèn gason an chwazi. Jèn fi a gen dwa aksepte oswa rejte l. Men se toujou yon chwa, toulède kote yo. Toulède ni gason an ni fanm nan, yo gen dwa chwazi.

Menm jan an, ou gen yon chwa, antan ke Kreyen.

<sup>36</sup> Isit nan Etazini, jis kounye a, ou gen dwa chwazi legliz, ke w vle ale. Se pwòp privilèj pa w antan ke Ameriken, pou w chwazi nenpòt ki legliz ke ou vle vin manm nan. Sa se yon chwa. Ou pa oblije ale nan youn ladan yo, si w pa vle. Men si ou vle sot nan Metodis pou w al nan Batis, oswa sot nan Katolik pou w al nan Pwotestan, oswa yon lòt bagay, pa gen okenn moun ki ka di ou oswa ki ka fè ou vini nan nenpòt ki legliz la. Sa se—sa se libète pa nou. Se konsa demokrasi nou an ye. Chak moun ka chwazi pou tèt pa l. Se libète relijyon, e sa se yon—yon gwo bagay. Ke Bondye ede nou kenbe l toutotan ke nou kapab.

<sup>37</sup> Ou gen yon chwa tou. Si . . . Lè w chwazi legliz sa, ou ka chwazi si ou, nan legliz sa, si w ap chwazi yon legliz ki pral gide ou nan destinasyon Etènèl ou. Ou ka chwazi yon legliz ki gen yon jan de kredo, ke ou ka panse ke se sèlman kredo sa ou vle. Oswa, lòt legliz yo gen kredo pa yo.

<sup>38</sup> Epitou gen Pawòl Bondye a, ke ou gen pou fè chwa tou. Ou dwe fè yon chwa.

Gen yon lwa nan mitan nou ki pa ekri, se fè yon chwa.

<sup>39</sup> Mwen kwè ke se te Eli, yon fwa, sou tèt Mòn Kamèl la, aprè gwo defi a, pandan yon gwo peryòd kriz tankou jan nou prèske abouti kounye kounye a. Petèt, se ka tou pa w oswa tou pa m, aswè a, pou nou fè chwa sa, tankou eksperyans sou Mòn Kamèl la. Franchman, mwen kwè ke sa ap rive la, nan lemonn antye, kounye a. Men pral gen yon moman byento kote ou pral oblije fè yon chwa.

<sup>40</sup> E nou menm mesye yo k isi a, nan legliz denominasyon nou yo, jis kwè sa, ke lè a rive sou ou, kote ou pral fè yon chwa. Oswa ou antre nan Konsèy Mondyal la, oswa ou pap ka yon

denominasyon ankò. Ou pral oblije fè sa, e chwa sa a ap rive toutalè.

<sup>41</sup> E se yon danje pou w tann jis nan dènye moman, tou, paske ou ka antre nan yon bagay ke ou pap janm ka sòti ankò. Ou konnen, gen de moman yo ka avèti w, apre sa, si ou depase liy avètisman sa, alò ou deja resevwa mak lòt kote a, make.

<sup>42</sup> Sonje, lè lanne jibile a te rive, e sa—sakrifikatè a t ap pwomennen soufle twonpèt li, pou ke chak esklav te ka vin lib. Men si yo te refize aksepte libète yo, alò yo te dwe mennen l nan tanp la, bò kot on poto, pou yo pèse zòrèy li ak yon pik, e alò li te konn sèvi mèl li pou tout tan. Yo te fè sa nan zòrèy li tankou yon senbòl, pou zafè tande. “Lafwa vini ak sa w ap tande.” Li te tande twonpèt sa, men li pat vle koute l.

<sup>43</sup> E anpil fwa, gason ak fanm yo tande Verite Bondye a, e yo wè L konfime ak fè prèv li, ke se Laverite, men poutan yo pa vle tande L. Yo gen lòt rezon. Yo gen lòt chwa ke yo fè, olye ke yo fè fas ak Verite epi realite yo, se poutèt sa ke zòrèy yo ka fèmen pou Levanjil la. Yo pap janm tande L ankò. Konsèy mwen pou ou, lè w tande Bondye ap pale ak kè ou, reponn touswit.

<sup>44</sup> Eli te mete yo devan yon chwa, pou yo te gen posibilite: “Se pou n chwazi jodi a kilès nou vle sèvi. Si se Bondye ki Bondye, sèvi L. Men si se Baal ki Bondye, sèvi l.”

<sup>45</sup> Bon, tankou jan nou wè ke tout bagay natirèl yo se senbòl bagay ki espirityèl, pandan ke nou t ap antre nan leson nou an maten an, menm jan solèy la ak nati li. Se te premye Bib mwen. Anvan m te menm li yon paj nan Bib la, m te konn Bondye. Paske Bib la ekri tout kote nan lanati, epi li tonbe jis an amoni ak Pawòl Bondye a: jan lanmò, antèman, ak rezirèksyon lanati; epi jan solèy la leve, travèse, kouche, mouri, resisite ankò. Gen anpil bagay ke nou ta kapab pran pou senbòl, Bondye nan lanati, ke nou fòse kite, poutèt Mesaj sa a.

<sup>46</sup> Bon, si bagay espirityèl, oswa, bagay natirèl se senbòl bagay espirityèl, alò, chwazi yon epouz, nan domèn natirèl, se senbòl chwazi yon Epouz, Epouz la, nan domèn espirityèl.

<sup>47</sup> Bon, se yon bagay ki serye lè w pral chwazi yon madanm, yon mari, paske ve a la se “jiskaske lanmò separe nou.” Se konsa nou ta dwe kenbe l. E ou fè ve sa devan Bondye, ke se sèlman lanmò ki va separe nou. E mwen panse nou ta dwe . . . Yon nonm ki byen nan tèt li, ki ap prepare lavni, li ta dwe pran anpil prekosyon pou chwazi madanm sa. Fè atansyon ak sa w ap fè a. E yon fanm kap chwazi yon mari, oswa k ap aksepte yon mari ki chwazi l, ta dwe pran anpil prekosyon ak sa l ap fè a, e sitou sè jòu si. Yon nonm ta dwe reflechi epi priye anvan li chwazi yon madanm.

<sup>48</sup> M panse, jodi a, sa k fè gen . . . Anpil ka divòs kounye a, sa k fè nou depase lemonn nan Etazini, nan zafè divòs. Nou depase rès monn lan. Gen plis divòs isi a pase nenpòt lòt kote, nasyon sa, e yo sipoze, e yo panse, se yon nasyon Kreytyènn. A la yon wont,

pou tribinal divòs nou yo! M kwè, rezon k fè sa, se paske lèzòm elwaye yo de Bondye, e fanm yo elwaye yo de Bondye.

<sup>49</sup> E nou wè, ke, si yon nonm priye e si yon fanm priye sou sa; se pa annik gade bèl je, oswa gro zèpòl byen kosto, oswa tèl bagay konsa, oswa kèk lòt plezi monden; men ou ta dwe gade Bondye anvan, epi di: “Bondye, èske se plan W?”

<sup>50</sup> Mwen kwè, jodi a, gen anpil poul k ap pran, tankou nan lekòl. Lè—lè ti moun yo vini, yon maten, anpil timoun nan vwazinaj la, ke—ke zanmim yo, ta vini e yo ta di: “Frè Branham, èske w vle priye pou nou? Nou gen yon—yon egzamen jodi a. Mwen—mwen travay tout lannwit la, e m pa sanble ke mwen kapab—kapab prepare l. Priye pou mwen.” Mwen kwè ke nenpòt ti moun lekòl, si w ta vle, si . . . E paran yo bò tab la yon maten, ou ta kapab di: “Manman, John gen yon egzamen jodi a. Ann priye pou li kounye a.” Mwen kwè sa tap vo plis ke tout lòt bagay ke ou ta kapab fè yon lòt jan an, oswa gade sou fèy yon lòt moun epi pran poul, mwen kwè, pito ou ta annik ale epi priye sou sa.

<sup>51</sup> E si nou ta reflechi sou sa n ap fè lè nou pral marye, lè nou gen pou nou chwazi madanm nou, mari nou, si nou te konn reflechi sou sa! Yon nonm ta dwe priye seryezman, paske li k ap detwi vi l nèt. Sonje, ve a se “jiskaske lanmò separe nou,” e li kapab detwi lavi l si l fè yon move chwa. Men si l konnen sa, li fè move chwa a e li marye ak yon fanm ki pat fèt pou l te madanm li, men li fèl kanmenm, alò se fòt pa l. Si yon fanm pran yon mari e ou konnen ke li pat fèt pou l te yon mari pou ou, alò se fòt pa w, aprè ou fin konnen sa k byen ak sa ki mal. Kifè, ou pa ta dwe fè sa jiskaske ou priye nèt sou sa.

<sup>52</sup> Se menm bagay la avèk chwazi yon legliz. Bon, ou dwe priye sou legliz kote w ap mache a. Pa bliye, legliz yo posede yon espri.

<sup>53</sup> Bon, m pa vle ap kritike. Men mwen realize ke m fin granmoun, e m gen pou m al fè wout mwen la, youn nan jou sa yo. E mwen dwe reponn nan Jou Jijman an pou sa m di aswè a oswa nenpòt lòt lè a. E, konsa mwen, mwen dwe serye amò e konvenki tout bon.

<sup>54</sup> Bon, ale nan yon legliz, e si w vle gade kouman legliz sa konpòte l, annik gade pastè a yon ti moman, e ou gen pou w jwenn anjeneral legliz la aji menm jan ak pastè a. Pafwa, m ap mande m si nou pa pran lespri nou youn lòt olye pou nou pran Sentespri a. Ale yon kote ke pastè a vrèman radikal e tranchan, ou gen pou wè kongregasyon an menm jan an. M ka mennen w nan yon legliz kote m wè pastè a kanpe, ap sekwe tèt li al sou dèyè epi sou devan. Gade kongregasyon an, y ap fè menm bagay la. Pran yon pastè, k ap vale nenpòt bagay, anjeneral legliz la gen pou l fè menm bagay la. Kifè, si m t ap chwazi yon legliz, m t ap chwazi youn ki otantik, fondamantal, ki asepte Tout Levanjil la, yon legliz Biblik, si mwen t ap chwazi youn pou m mennen fanmi m. Chwazi. M te gade . . .

55 Ti mesye yo, lòt jou, pitit gason Frè Shakarian lan ak bofis li a, te mennen m isi a pou m t al priye pou yon jènjan, yon chantè, yon gason elegan. Apèn retounen . . . Fred Barker, se konsa l rele, apèn li te sot nan yon vwayaj. E yo te rele m, pou di m ke: “Fred tap mouri.” Epi tou, anvan m te antre nan kay la, yon lòt mesaj te gen tan vini: “Li ka mouri kounye kounye a.” E sa te di li te genyen yon—yon emoraji nan sèvo, e li te paralize, e—e li t ap mouri, e madanm li te vle pou m te priye pou li.

56 E mwen te panse: “O, menm si m ta eseye vole, li te ka mouri anvan m rive laba a, e petèt li ka deja mouri kounye a.” Kifè, mwen te rele menm kote a e m te jwenn ti dam lan nan telefòn. E—e nou te an kontak pa telefòn, e l te nan zòrèy Fred. Li pat ka vale anyen. Yo te fòje yon mwayen atifisyèl pou li te ka vale. E lè nou te priye pou li, li te di, ak siy, pou yo retire sa nan gòj li. Li te ka vale. Dòktè yo pat kwè sa. Yo te retire l, e li te ka vale. Li te leve chita, lòt jou.

Yon legliz; fè chwa yon legliz.

57 M fèk sot resevwa yon kout fil, toutalè a. Maten an, yon manm nan legliz mwen an, yon dam ki yon vrè Batis nan Louisville, li te mouri byen bonè maten an. E legliz pam kote m rete, gen yon gwoup mesye ki vrèman konsakre, te rasanble ansanm epi yo te desann al nan mòg la, anvan ponp finèb la te anbome l, yo te kanpe devan l, yo te priye jiskaske lavi te retounen nan li. E l ap viv, aswè a. Ansyen yo nan legliz mwen, sak fè sa, yo te aprann pou yo kwè ke tout bagay posib, vin kote Bondye ak senserite.

Kifè, ou dwe fè yon bon chwa.

58 Ankò, kalite madanm ke yon nonm ap chwazi, ap reflète anbisyon l yo ak karaktè l. Si yon nonm chwazi yon move madanm, sa reflète karaktè l. Epi ak sa li angaje tèt li, montre vrèman kisa k nan li. Yon fanm montre sa k nan yon nonm lè se li l chwazi pou madanm li. Sa montre ki sa k andan l. Pe enpòt sa l parèt sou deyò, gade moun li marye a.

59 M te ale nan biwo yon nonm, e li di ke l se Kreyen; te gen yon pakèt vye foto kole sou tout mi yo, yon vye mizik woy-woy tap jwe. M pa bay enpòtans a sa ke l di. M pa kwè temwayaj li, paske lespri l ap nourri ak bagay sa yo ki nan lemonn. Sa sa fè, ou ta ka di, si l ta marye ak yon tifi k ap chante nan nayklèb, oswa kisa sa fè si l ta marye ak yon rèn penbèch, oswa jis yon bèl, ricketta modèn? Se sa sa reflète, sa montre ki sa k nan tèt li, kouman vi nan fwaye l pral ye pita, paske li chwazi l pou l ka elve pitit li yo. E nenpòt sa li ye a, se konsa l ap elve pitit sa yo. Kifè, sa reflète kisa k anndan nonm lan. Yon nonm ki pran yon fanm konsa, montre jisteman kisa l ap panse pou lavni.

60 Èske w ka imajine w yon Kreyen kap fè yon bagay konsa? Non, msye. M pa t ap kapab. Yon vrè Kreyen pa pral chache jan



de rèn bote sa yo, ak tifi sa yo k ap chante nan nayklèb, ak rèn penbèch sa yo. Li gen pou l chache karaktè Kreyen.

<sup>61</sup> Bon, ou pa ka genyen tout bagay, kapab byen gen yon tifi ki bèl tout bon. epi lòt tifi a, petèt li se yon, fòm kòl parèt pi bèl ke *sila*, e petèt ou ka gen pou w sakrifye youn pou lòt. Men si l pa alawotè yon dam, yon fanm, e li. . . M pa bezwen konnen si l bèl ou pa, ou ta fè mye gade karaktè l, ke l bèl ke l pa bèl.

<sup>62</sup> Bon, pou sa, li vin yon obligasyon, si yon Kreyen ta gen pou l chwazi yon madanm, li dwe chwazi yon fanm ki ne yon dezyèm fwa, tout bon, kèlkeswa sa l sanble a. Se sa l ye a, se sa ki fèl. Epi alò, ankò, se sa kap reflekte lapyete nan pwòp karaktè l, e kap reflekte sa k nan panse l ak sa k pral pase nan lavni, paske se yon fanm konsa ki pral elve fanmil, ki pral planifye lavni pou fwaye l.

<sup>63</sup> Si l marye ak youn nan ti ricketta mòdèn sa yo, youn nan rèn penbèch sa yo, kisa l dwe atann li? Ki jan de fwaye yon nonm ta dwe atann li pou l genyen? Si l marye ak yon tifi ki pa gen moral ase pou tèt li pou l rete nan fwaye epi pran swen yon kay, e ki vle soti deyò pou l al travay nan biwo yon nonm, ki jan de metrès kay li pral ye? Ou pral oblije gen gadyèn pou timoun ak tout lòt bagay ankò. Se vre.

<sup>64</sup> Bon, m pa fin tèlman bò kote tandans modèn sa, ki vle ke fanm yo al travay. Lè mwen wè fanm sa yo ki pote inifòm sa yo, k ap pwomennen toupatou nan vil sa a, sou motosiklèt yo, kòm polisye, se yon dezonè pou nenpòt vil kap kite yon fanm fè sa. Ou wè? Ou wè? Tandiske se pa ti kras gason ki pap travay, sa montre kouman vil nou an ap eseye vin a la mòd. Sa montre jan l ap degrade. Nou pa oblije mete fanm yo al travay deyò a konsa. Yo pa gen anyen pou wè deyò a nan zafè konsa.

<sup>65</sup> Lè Bondye te bay yon nonm yon madanm, se pi bon bagay Li te ka bali, apa sali li. Men lè youn sòti pou l eseye pran plas yon nonm, alò li sanlè li vin bagay ki pi mal ke li te kapab posede. Bon, se sa. Ou wè?

Kounye a nou ka wè pratik sa nan domèn espiritiyèl.

<sup>66</sup> Mwen—mwen konnen ke sa di, ou panse ke sa di, men se Laverite. Nou pa bezwen konnen kijan sa di, nou dwe fè fas ak reyalyte a. Se sa ke Bib la anseye. Ou wè?

<sup>67</sup> Bon, nou wè plan espiritiyèl la nèt isi a, jan Bondye planifye pou Abitasyon fiti Li ak fiti Epouz Li, deplwaye devan nou kounye a.

<sup>68</sup> Si yon nonm marye ak yon rèn penbèch, ou wè sa l ap chache pou lavni. Si yon nonm marye ak yon fanm ki pap vle rete lakay, ou wè ki sa l ap chache pou lavni. E yon fwa mwen. . .

<sup>69</sup> Sa parèt terib. Mwen jis santi m anvi di l. E mwen—mwen, dabitid, si m santi m anvi di yon bagay, mwen dwe di l. Epi dabitid se fason pa Bondye.

<sup>70</sup> Mwen—mwen te travay nan yon ranch pou yon mesye m te konn abitye soti avè l pou n al achte bèt. E mwen te konn remake ke vye granmoun lan te toujou konn ap gade drèt nan figi yon jèn femèl bèf anvan ke l te konn ofri lajan pou li. Alò li te konn tounen tèt li, epi li te konn gade l devan dèyè. M te konn swiv li toutan, siveye l. E li te konn gade l anwo epi anba, prestans li, nan kò li. Alò li te retounen epi li te tonbe gade l lan figi, e pafwa li te konn sekwe tèt li epi l al fè wout li.

Mwen di: “Jeff, mwen vle mande w yon bagay.”

Li di: “Pale non, Bill.”

<sup>71</sup> E mwen di: “Pou kisa ou toujou ap gade bèf sa nan figi konsa?” Mwen di: “Li parèt byen anfòm, se yon bèf byen—byen kosto.”

<sup>72</sup> Li di: “M ap di w yon bagay, gason, ou gen anpil bagay pou w aprann.” E mwen—mwen te reyalize sa lè li te fin di m li. Li di: “Kimele m jan kò l fèt. Li kapab yon bèf, jis nan sabo. Men si l gen rega fiks sovaj sa nan figi l, piga ou janm achte l.”

Mwen di: “Sak fè sa, Jeff?”

<sup>73</sup> “Ebyen,” li di: “premye bagay la,” li di: “li pap janm rete an plas.” E li di: “Yon lòt bagay, li pap janm ka sèvi yon manman pou pitit li.” E li di: “Yo mete l nan yon anklo kounye a, se sa k fè li gra a. Lage l, ak rega fiks sovaj sa, li t ap pran kouri jiskaske l mouri.”

<sup>74</sup> Mwen di: “Ou konnen, mwen yon ti jan aprann yon bagay. Mwen kwè ke sa ka aplike pou fanm yo, tou.” Se vre. Se vre.

<sup>75</sup> Vye rega sovaj, fiks, ricketta sa, ou ta fè mye elwaye w de li, gason, tout vye bagay ble sa yo ki sou do je l yo. E mwen pat. . . Mwen pat ap vle sa. Mwen pa kwè ke sa fèt pou yon Kreyen. Kimele m ak kantite manyè televizyon ak jounal ap di ke li bèl. Se figi ki pi orib, ki pi lèd ke m pa janm wè nan vi m.

<sup>76</sup> Lè m te wè sa premye fwa, isi a nan Kafeterya Clifton lan, yon jou maten, pandan manje maten an. . . Mwen te wè kèk nan jèn medam sa yo ki te vini. Frè Arganbright te fèk antre, e mwen tou. E li te desann anba a. E m te gade, e tifi sa a te antre. M di nan tèt mwen: “Ebyen, mwen—mwen—mwen—mwen pa konnen.” Mwen pat janm te wè sa anvan. Se te yon grenn senk. O, sanble li te chankre, ou konnen, yon figi vrèman dwòl. Mwen—mwen p ap di sa pou m fè komik, m ap—m ap di l pou. . . Ou konnen, mwen konn wè lèp, mwen se yon misyonè, mwen konn wè tout kalite fenomèn, ou konnen, tout kalite. . . maladi, e mwen ta pral avanse bò kot jenn dam lan pou m di l: “Mwen—mwen—mwen se yon minis, mwen—mwen konn priye pou malad. Èske—èske ou ta vle m priye pou ou?” E m pat janm konn wè yon bagay konsa. Epi, men de oswa twa lòt ankò, anndan an. Mwen te fè yon pa an aryè epi m te ret tann.

77 E Frè Arganbright te vini, kifè mwen di: “Frè Arganbright?” Li kapab byen isi a. Mwen di: “Ki pwoblèm fanm sa genyen?” Ou wè?

Epi li di: “Sa, se penti.”

78 Mwen di: “Ebyen, o la la!” Ou wè? Mwen di nan tèt mwen ke yo ta dwe mete l yon kote nan yon kay pou moun ki gen lapès, ou konnen, pou anpeche l kontamine tout lòt fanm yo.

79 Men, ou konnen, ou dwe planifye, chèche, priye, lè w ap chwazi. Paske, nou wè, nan fason sa a, Pawòl pwomès la. Li, epouz ke yon nonm pral chwazi a, se li ki pral reflekte karaktè l. L ap reflekte sa k nan li.

80 Bon, èske ou ka imajine w yon nonm, ki ranpli ak Sentespri, ka pran yon bagay konsa pou madanm? Mwen—Mwen—Mwen jis pa konprann sa, frè. Bon, m kapab jis petèt yon vye moun fou. Men, ou konnen, mwen—mwen jis pa ka konprann sa, ou wè, remake, paske sa pral reflekte sa k nan li. Se li ki pral ede l fonde yon fwaye pou lavni l.

81 Bon, alò, ann wè lè nou transpoze sa pou yon ti moman, sou kote espiritiyèl la. E lè ou wè yon legliz ki nan lemond, k ap ajì tankou lemond, k ap banboche nan lemond, k ap patisipe nan bagay lemond, ki pran Kòmandman Bondye yo kòm si Li pat janm ekri Yo, alò ou—ou ka jis imajine ke Kris pa pral pran yon Epouz konsa. Èske ou ka imajine w chwa legliz modèn lan jodi a pou Epouz? Pa Seyè m nan. Mwen pa . . . M gen difikilte pou m wè sa. Non. Sonje, kounye a, yon nonm ak madanm li fè yon sèl. Èske w t ap asosye w ak yon moun konsa? Si ou ta fè sa, se sèten sa t ap diminye konfyans mwen nan ou.

82 E, alò, kouman Bondye ta ka asosye L avèk yon bagay konsa, yon pwositite denominasyonèl ki abitye? Ou panse L tap fè sa, “Y ap fè tankou y ap sèvi Bondye, men yo pa kwè nan pouvwa Bondye a tout bon vre?” Li pa t ap janm fè sa. Li dwe gen karaktè L nan li menm. Vre Legliz, otantik la, ki ne yon dezyèm fwa a dwe genyen karaktè sa—sa ki te nan Kris la, paske yon mari ak madanm li fè youn. E si Jezi te fè sèlman sa k te fè Bondye plezi, kenbe Pawòl Li epi manifeste Pawòl Li, Epouz Li dwe gen menm karaktè a. Li pap kapab, nan okenn fason, yon denominasyon. Paske, alò, nenpòt kijan ou ta vle di: “non,” gen yon komite an chèf yon kote k ap kontrole l, k ap di l sa pou l fè ak sa li pa ka fè, e, anpil fwa, se a yon milyon kilomèt lwen vrè Pawòl la.

83 Se domaj ke nou toujou ap elwaye nou de vrè Kondiktè ke Bondye kite pou nou an pou kondwi Legliz la. Li pa janm voye yon siveyan jeneral. Li pa janm voye evèk, kadinal, prèt, pap. Li voye Sentespri a pou Legliz, pou kondwi Legliz. “Kan Li menm Sentespri va vini, Li va kondwi ou nan tout Laverite, revele ou bagay sa yo, bagay mwen te di ou yo, pou raple ou yo, epi pou moutre ou bagay ki gen pou vini yo.” Sentespri a te dwe fè sa. Bon, legliz modèn nan rayi Sa. Yo pa renmen

L, kifè kouman li kapab Epouz Kris la? Pèp nan tan jodi a chwazi yon denominasyon modèn. Kisa sa fè, sa montre sèlman ti konpreyansyon wòwòt yo sou Pawòl la.

<sup>84</sup> Mwen pa vle blese w, men mwen vle ke sa antre ase pwofon jiskaske wap gade l.

<sup>85</sup> Mwen marye anpil koup, men sa toujou fèm sonje Kris ak Lepouz Li. Youn nan maryaj ke mwen te selebre isi a, sa fè deja yon bout tan, se—se te kan menm yon bagay trè remakab nan vi m. Sa fè deja plizyè ane, lè m te yon jèn minis.

<sup>86</sup> Frè m nan t ap travay nan—nan PWA. Mwen pa konnen si gen yon moun ki toujou sonje sa, ankò, oswa non, nenpòt moun ki gen menm laj avè m. E se te yon—yon pwojè ke gouvènman an te genyen. E frè m nan t ap travay, nan yon distans anviwon trant mil [senkant kilomèt]. Yo t ap fouye kèk lak, se te yon pwojè pou fè konsèvasyon.

<sup>87</sup> E te gen yon jèn gason ki t ap travay laba a, avè l, ki soti Indianapolis, anviwon, o, yon distans anviwon san mil [sanswasant kilomèt] pi lwen Jeffersonville kote mwen—mwen rete a, oswa m te rete a. E te gen yon . . . Li te di frè m nan, yon jou, li di: “Doc,” li di: “Mwen—mwen vle . . . Mwen pral marye, si m te gen ase lajan pou m peye predikatè a.” Li di: “Mwen—mwen gen ase lajan pou m pran lisans mwen, men,” li di: “Mwen pa gen ase lajan pou m peye predikatè a.”

<sup>88</sup> Doc di: “Ebyen, frè m nan se yon predikatè, e—e li—li ka marye w.” Li di: “Li pa janm fè moun peye pou bagay konsa.”

Li di: “Èske ou vle mande l si l ka marye m?”

<sup>89</sup> Ebyen, jou swa sa a frè m nan te mande m sa. Mwen di: “Si l pat janm marye anvan, youn ou lòt, e yo . . . tout bagay kòrèk.”

Li di: “Ebyen, ya, m a mande l.”

Epi mwen di: “Si tout bagay kòrèk, di l, li mèt vini.”

<sup>90</sup> Kifè, lè jou samdi a te rive e jèn gason an te vini. Se te yon gwo zafè pou mwen, opwen ke m toujou refere m a sa. Mwen . . . Youn jou apremidi lapli, e yon vye machin Chevrolè ak limyè devan l ki te mare ak yon fil k ap pandye, te vin estasyon, devan an. Jis yon ti tan aprè m te fin pèdi madanm mwen, e mwen te rete, nan de ti pyès kay. Epi—epi Doc te la avè m, nou tap tann yo.

<sup>91</sup> E—e yon jèn gason te soti nan machin nan, e li pat sanble sèten ak yon epou, pou mwen, ni pou pyès moun, mwen panse. Ya. Mwen te ka achte yon bèl pè soulye, pou yon dola edmi. E li te gen yon pè, ki te fini. E pantalon misye te twò gwo pou li. Epi misye te mete youn nan vye levit vlou an koton yo sou li. Mwen sispèk ke gen kèk nan granmoun yo ka sonje. Li sanble ke li te pase nan yon machin a lave san l pat rense, e li te chaje ak tras, sere *konsa*, ak kwen an monte.

92 E yon—yon ti dam soti lòt kote a, avèk yon ti, o, youn nan ti wòb ki sanble ak sa k gen liy yo.

93 Mwen pa konnen. Mwen te fè yon erè nan bay kalite tisi sa yo non, yon fwa. Gingham, mwen kwè l rele. E sete yon . . . [Kongregasyon an ri—Editè a] Mwen di l mal ankò. Mwen—mwen toujou fè sa. E mwen di . . .

94 Li te soti nan machin nan, epi yo monte eskalye yo. E—e lè yo te antre, pòv ti malerèz la, li . . . Mwen panse, li, tou sa li te genyen sou li sete jis yon jip. E li prèske pat gen soulye nan pye l. Li te jwenn yon woulib pou li desann Indianapolis. Li te gen kèk ti cheve ki desann, sou do l, yon jan lonje, tankou yon trèz sou do l. Li te parèt trè jèn.

Epi mwen di l: “Èske ou gen laj ase pou w marye?”

95 Li di: “Wi, mesye.” Epi li di: “Mwen gen pèmisyon ekri manman m ak papa m.” Li di: “Mwen dwe al montre l devan—devan tribinal isi a, pou m ka genyen ak maryaj mwen.”

96 Mwen di: “Dakò.” Mwen di: “Mwen ta renmen pale avèk nou anvan nou fè maryaj la.” Yo te chita. Jèn gason an t ap pwonmennen je l gade nan tout pyès kay la; cheve misye te vrèman bezwen fèt. E li te kontinye ap voye je l gade nan tout pyès la. Li pa t ap tande m. Mwen di: “Pitit gason m, mwen vle ou tande sa m ap di a.”

Li di: “Wi, mesye.”

Epi mwen di: “Ou renmen ti fi sa?”

Li di: “Wi, mesye. Mwen renmen l.”

Mwen di: “Ou renmen jèn gason an?”

“Wi, mesye. Mwen renmen l.”

97 Mwen di: “Bon, èske ou gen yon kote pou w mete jèn fi a lè ou fin marye?”

Li di: “Wi, mesye.”

98 Mwen di: “Dakò. Kounye a,” mwen di: “Mwen vle mande w yon bagay. Mwen konprann, ke w ap travay isi a nan PWA.”

Epi li di: “Wi, mesye.” Se anviwon douz dola pa semèn.

Mwen di: “Èske ou kwè ou ka fè l viv ak sa?”

Li di: “M ap fè tout sa m kapab.”

99 E mwen di: “Ebyen, dakò.” E Mwen di: “Bon, kisa kap rive si l soti nan . . . Kisa kap rive si l pèdi travay sa a, sè? Kisa w ap fè, ou pral kouri retounen lakay, manman, papa?”

Li di: “Non, mesye. M ap rete avè l.”

100 Epi mwen di: “Kisa kap rive, mesye, si ou gen twa oswa kat ti moun, anyen pou w ba yo manje, e ou pa gen okenn travay. Kisa ou pral fè, w ap voye l ale?”

<sup>101</sup> Li di: “Non, mesye. M ap redi pi rèd. N ap rive jwenn yon fason.”

<sup>102</sup> M te santi m piti. Mwen wè ke li te renmen l tout bon, e youn te renmen lòt. Mwen te marye yo.

<sup>103</sup> Epi m t ap mande m ki kote li mennen l. Kèk jou apre, mwen mande frè m nan, Doc, kote sa ye. Li di: “Yo desann al New Albany,” yon ti vil ki pi ba nou an.

<sup>104</sup> E anba a nan rivyè a, kote m te gen kèk mòso tòl, kote m te konn ale chak jou nan tan mwen—mwen te konn al travay pou m monte fil kab sou poto. Kifè kan sete konn poz, tout mesye yo te konn chita ansanm, ap bay blag ak lòt bagay, mwen te konn antre nan kamyon an epi m kouri desann al bò rivyè a pou m priye pandan tan sa, ladann, epi li Bib mwen, anba yon gwo mòso tòl kote k te gen yon vye izin fè. Te gen yon bann vye bwat vagon tren kanpe laba a.

<sup>105</sup> E ti nonm sa te desann laba a epi li pran youn nan bwat vagon tren sayo li te siye l pou fè yon pòt ladann. E li te pran papye journal ak klou pinèz.

<sup>106</sup> Konbyen ki konnen kisa yon klou pinèz ye? Konsa, pa gen moun ki soti Kentucky la a. Men li, pran yon mòso katon, mete yon ti klou pinèz ladann, yon ti bout ladann. Epi pouse l antre nan . . . Se sa yon klou pinèz.

<sup>107</sup> Kifè, yo te mete l toupatou. E li te ale laba a nan izin fè a, e li te pran kèk mòso, e l te fè yon mach eskalye, pou l ka monte. E li te pran kèk vye bwat, e li te fè yon tab. E mwen di nan tèt mwen, yon jou: “M pral desann laba a pou m wè ki jan y ap viv.”

<sup>108</sup> Apeprè si mwa anvan sa, mwen te marye pitit fi E. V. Knight la ak pitit gason E. T. Slider a. E. V. Knight, youn pami moun ki pi rich nan zòn Larivyè Ohio a, e, o, se li k ap dirije gran faktori yo laba a, k ap fabrike kay tou fèt yo, ak lòt bagay. E—e Slider, E. T. Slider, se yon konpayi sab ak gravye, pitit milyonè. E se mwen k te marye yo.

<sup>109</sup> E mwen te retounen nan yon plas, m te pratike sa pandan apeprè de semenn, e m te retounen nan yon kyòs epi m te mete m ajenou sou yon zòrye. E tout seremoni grandyoz ak tout lòt bagay ke m pa jan m fè, prèske, fòk mwen te pase pa la, pou m te marye koup sa a! E lè yo te sòti, franchman, yo te. . . Lòt ti koup sa a te jis rete laba a nan yon vyep ti chanm kote nou te gen yon ti divan ak yon kabann pliyant, men toulède koup yo te gen menm seremoni maryaj.

<sup>110</sup> Epi, yon jou, mwen te gen lide pou m desann al vizite koup rich sa a. Yo pat oblije travay, papa yo te milyonè, yo te bati yon bèl kay pou yo. Onètman, E. V. Knight sa a, anwo a, isi a sou mòn nan, manch pòt gran palè l la se katòz kara li ye, kifè ou ka imagine nan ki kalite kay yo t ap viv. Yo pat oblije travay. Chak

ane yo te konn bay yo yon bèl Kadilak. Epi jisteman, yo te anfan inik, yo te gen tout sa yo te vle. Lè m te monte laba a yon jou . . .

111 Bon, kouman m te fè vin abitye avèk yo, youn nan zanmi yo se te yon bon zanmi m. Nou tout ansanm te vin bon zanmi. E se konsa mwen te vin konnen yo, lè yo te vle m marye yo.

112 Kifè m te monte al vizite yo. Mwen te soti nan vye machin Fòd mwen an, deyò a, e mwen monte eskalye yo. E—e mwen te monte, yon ti jan two pwòch, e mwen te tandè yo. E yo vrèman t ap joure. Yo te jalou youn lòt. Yo te al nan yon bal. Li te vrèman yon bèl ti fi. E li te youn nan rèn bote sa yo. Li te ranpòte anpil konkou laba a, e li te genyen kèk machin ak lòt bagay, paske li te yon rèn bote. E mwen te gade yo, e youn te chita nan yon kwen e lòt la te chita nan lòt kwen an, yo t ap joure konsènan yon gason li te danse avè l, oswa yon fi, yon bagay konsa.

113 Lè m te monte, yo sote kanpe byen vit epi yo mache kwaze jwenn youn ak lòt, epi men yo—yo youn nan lòt, yo t ap mache vin nan pòt la. Yo di: “Ebyen, alo, Frè Branham! Kijan w ye?”

Mwen di: “Mwen byen. Kijan nou tout ye?”

114 E, “O,” li di: “Mwen—mwen. . .Nou byenere anpil. Pa vre, cheri?”

Epi fi a di: “Wi, cheri.” Ou wè?

115 Bon, ou wè, w ap eseye parèt yon bagay ke w pa ye vrèman. Bon, ou pa kapab chofe kò w ak yon foto dife atis pent, tankou jan kèk nan legliz sa yo ap eseye fè foto penti lapannkot, yon bagay ki te rive depi mil an oswa depi de mil an pase. Ou pa kapab chofe kò w ak yon foto dife atis pent. Lapannkot osi reyèl jodi a ke jan l te ye lontan an. Ou wè? Ya. Dife a toujou ap tonbe. Se pa yon dife atis pent. Se yon vrè Dife.

116 Kifè, yo, yo te jis la a. Ou wè? Mwen—mwen pa tap renmen viv konsa.

117 “O,” mwen di nan tèt mwen: “ou konnen, jis anba falèz la e bò rivyè a, se la lòt koup la te rete.” Mwen di nan tèt mwen: “Yon samdi apremidi m ap file desann laba a pou m wè kijan y ap viv.”

118 Kifè men mwen, figi m byen sal, e yon salopèt sal sou mwen, zouti m sou mwen. Mwen di nan tèt mwen: “M ap fofile antre sou yo.” Mwen fofile antre, m fè tankou mwen t ap chache ki kote yon kout zèklè te kase kèk fil izolan oswa yon bagay, e pandan m t ap mache ap swiv direksyon fil telefòn lan, ak fil elektrik ki lonje bò rivyè a. E men vye Chevvolè a, ki te estasyon devan an. Se te apeprè yon lane pi ta, apre m te fin marye yo. E te gen youn—yon. . . Pòt la te rete louvri, e m te ka tandè yo k ap pale. Bon sa sanble tankou yon ipokrit, men mwen te avanse ase pwòch pou m te ka koute, pou m te wè kisa y ap di. M te kanpe la a. E mwen te vle konnen, pou tèt pa m.

119 Mwen renmen chache konnen epi pou m ka sèten ke mwen konnen sa m ap di a. Se menm jan an mwen fè pou Pawòl Bondye a. Èske Li se Laverite, oswa èske Li pa Laverite? Èske L ap kenbe Pawòl Li, oswa èske Li pap kenbe Pawòl Li? Li pa kenbe Pawòl Li, alò Li pa Bondye. Ou wè? Li kenbe Pawòl Li, Li se Bondye. Ou wè?

120 Kifè mwen te vle wè kijan yo t ap viv. Epi mwen te fofile sou kote kay la, byen dousman. Mwen tandè li di: “O, cheri, mwen te vle si tèlman achte sa a, pou ou.”

121 Li di: “Bon, gade, cheri.” Li di: “Wòb sa kòrèk.” Li di: “Franchman, li byen bèl.” Li di: “Mwen apresye sa. Men ou wè. . .”

122 Mwen te fofile arebò kay la, poum m te ka gade nan fant lan, kote pòt la te louvri byen laj la nan bwat vagon tren an. E li te la a, li te chita la, avè l sou janm li; ak bra l vlope l, e bra madanm nan vlope l. E li te gen youn nan vye chapo kwochi sa yo, e li te fè yon ti trou, li kraze chapo a, sou anlè, e li rale chèk travay li, ladann. Li—li te depoze l sou tab la. Li di: “*Tan* pou zafè manje. *Tan* pou asirans. E *tan* pou machin lan.” E yo pat ka kole toude bout yo ansanm. M te vin konprann ke, li te wè yon ti wòb laba a nan yon vitrin, li t ap gade l depi kèk semèn, li te koute yon dola ak yon ti pousyè. Li te vle achte l. Li di: “Ebyen, cheri, ou t ap tèlman bèl ladann.” E li di. . .

123 Li di: “Men, cheri, mwen—mwen gen yon wòb. Mwen—mwen pa vrèman bezwen l.” Ou wè? E ti rèn sa a. . .

124 Mwen te fè yon pa an aryè, e mwen te gade anlè. Mwen te ka wè flèch la—la ki sou tèt lòt kay la. Mwen te kanpe la e m te gade, pandan kèk minit. Mwen di nan tèt mwen: “Kilès ki nonm rich la?” Mwen di nan tèt mwen: “Si, Bill Branham, si w ta gen pou chwazi, ki kote ou t a prale?” Mwen menm, mwen pa t ap pran bèl bagay ki sou tèt mòn lan. Mwen t ap pran karaktè sa a ki anba la a, kòm yon veritab metrès kay, yon moun ki renmen m e ki rete avè m, yon moun k ap eseye bati yon fwaye; e ki pap blese w pou nenpòt ki bagay, pou bèl bagay chè; e yon moun ki avèk ou, ki fè pati de ou.

125 Sa te toujou make m, jan l te ye a. Youn te chwazi yon bèl tifi, lòt la te chwazi karaktè. Bon, se sèl fason sa a ou ka chwazi. Dabò, se pou w chache karaktè; epi, si ou renmen l, se byen.

126 Remake, premye Adan Bondye a pat gen chwa, pou madanm li. Li pat gen chwa. Bondye te jis ba l youn, e li pat gen pou l te chwazi l. Kifè nou jwenn ke li te mennen l lwen Pawòl Bondye a. Li pat gen pou l te priye sou sa. Li—li—li pat tankou mwen menm avè w. Li pat gen chwa. Epitou, jan l te fè sa, li trennen l soti nan pozisyon egzat pitit Bondye ke li te ye a. E li te fè l nan montre misye yon jan pi modèn pou l viv, yon bagay ke yo vrèman pat dwe fè. Men karaktè l te montre ke li te gen tò. Motif ak objektif li yo pat bon tou senpleman. E li te konvenk misye, ak rezònman



li, ke nouvèl limyè modèn li te jwenn lan, ki te kontrè ak Pawòl Bondye a, te youn meye fason pou viv.

127 E konbyen fanm jodi a, e vis vèsa, gason yo, ki kapab mennen yon bon fanm lwen Bondye, oswa mennen yon bon gason lwen Bondye, nan eseye di l: “Relijyon sa a, nou menm ti mesye Pannkotis yo, relijyon sa a,” yo di: “o, sa pase mòd, se bagay ansyen, piga w kwè sa.” Ou ta fè mye priye anpil anvan ou marye ak tifi sa, mwen pa bezwen konnen jiska ki pwen li bèl. Menm bagay la pou yon nonm.

128 Li[madanm lan] konvenk li pou l soti an deyò volonte Bondye e li fè l fè yon bagay ke li pat dwe fè, e, poutèt sa, li koze lanmò sou tout ras imen an. Se poutèt sa Bib la entèdi pou l anseye, oswa preche, oswa manyen Pawòl Bondye a, nenpòt ki fason an.

129 Mwen konnen, sè yo, anpil nan nou di: “Seyè a rele m pou m preche.”

130 Mwen pap diskite avè w. Men m ap di ou, Pawòl la di ou pou ou pa fè sa. “Li pa gen dwa anseye, oswa pran ankenn otorite, men rete gade silans.”

“Ebyen,” ou va di, “Seyè a di m pou m fè l.”

131 Mwen pa doute sa yon ti kras. Èske w te tandè Mesaj mwen an lòt jou swa sou Balaam? Balaam te gen yon premye desizyon, byen klè nan men Bondye: “Piga w fè sa.” Men li te kontinye fè tèt di jiskaske Bondye te di l ou mèt al fè l.

132 Bondye ka pèmèt ou preche. Mwen pa di Li pa pèmèt ou. Men li pa selon plan ak Pawòl orijinèl Li a. “Li dwe rete an soumisyon, selon jan lalwa di tou.” Se vre. Konsa, li pa sipoze fè l.

133 Bon, remake ankò kouman epouz natirèl la se senbòl sak espiritiyèl la. Pawòl la di, ke: “Fanm te kreye pou gason, e se pat gason ki te kreye pou fanm.”

134 Bon m pral pale, e franchman, pandan kèlke minit, sou Epouz Kris la, men m ap eseye montre nou sak gen deyè sa.

135 “Fanm te kreye pou gason, e se pat gason k te kreye pou fanm.” Se pou rezon sa, sou ansyen lwa yo, ke poligami te legal. Gade David ki te chita laba a avèk senksan madanm, e Bib la di: “Li te yon nonm ki te selon kè Bondye.” Avèk senksan madanm, e Salomon te gen mil, men ankenn nan madanm sa yo pat gen dwa genyen yon lòt mari.

136 Nou gen kasèt mwen an sou *Maryaj Ak Divòs*. Sa, se te sou tèt mòn Tucson lan, isi a sa pa fè lontan, m te jis anwo a mwen t ap priye sou sa. Yo te lage lekòl yo, pou yo te ka gade Kolòn Dife a ki ansèkle montay la epi ki antre nan yon toubouyon, nan yon mouvman ale retou, epi monte desann. Moun yo ki nan zòn lan konnen sa, la a, e yo te wè L; epi Li . . . lè Li te di m Laverite sou kesyon maryaj ak divòs la. Si gen yon bò ki panche fason *sa a*, epi lòt bò a panche fason *sila a*, dwe gen yon Verite yon kote. Apre Sèt So sa yo, Li montre sa k te Laverite sou sa.

<sup>137</sup> Remake, kounye a, se yon sèl mari ke l te ka genyen, paske, “Fanm te kreye pou gason, se pat gason k te kreye pou fanm.” Tout senksan fanm sa yo te madanm David sèlman, e se te yon tip. Lè Kris va chita sou Tròn lan nan Milenyòm lan, Epouz Li pap yon sèl moun, men se ap dè dizèn de milye, Lepouz la, yo tout fè Youn. E David te gen anpil madanm, antan ke endividi, men sèlman yo tout ansanm te fòme madanm li. Tankou tout Kò kwayan yo nèt se Lepouz Kris, paske Se Li, fanm nan. Li te Gason an. Bon, nou te kreye pou Kris. Kris pat kreye pou nou.

<sup>138</sup> Se sa n ap eseye fè jodi a nan liv nou yo, n ap eseye fè Pawòl la (ki se Kris) adapte ak nou, olye ke nou eseye nou menm adapte nou ak Pawòl la. Se sa ki diferan an.

<sup>139</sup> Lè yon gason chwazi yon fi nan yon fanmi, li pa dwe gade sou bèl figi, paske bèl figi tronpe. Epi bote, bote modèn ki nan lemond, li soti nan dyab la.

“O,” mwen tande yon moun di labaa, “fè atansyon la a, predikatè!”

<sup>140</sup> Mwen di ke bagay sa yo sou tè sa a, ki rele bote a, soti nan dyab la nèt ale. M pral pwouve w sa. Alò, apati deklarasyon sa, annou gade nan sent Pawòl Bondye a, pou nou wè si se vre ou pa. E gen kèk nan nou medam yo ki vle si tèlman bèl! Ann wè kote sa soti. Depi nan kòmansman, nou wè ke Satan te si tèlman bèl jiskaske li andyoze plizyè nan Anj yo. E se li ki te pi bèl Anj nan mitan yo tout. Sa montre, ke li soti nan dyab la. Salomon nan Pwovèb di: “Bote se vanite.” Se vre. Peche bèl. Se sèten, li bèl. Li atiran.

<sup>141</sup> Mwen vle mande w, e mwen vle di w yon bagay la a. Mwen vle fè w remake, pandan kèk minit. Nan tout espès ki genyen nan lemond, zwazo, bèt, nou dekouvri ke nan rèy animal la, pami yo tout eksepte lòm, se mal la ki bèl, e pa femèl la. Pou kisa? Gade . . . Gade sèf la, bèl gwo mal bèt la—la ak kòn li yo, e ti femèl bich la. Gade manman poul la—la, tou piti, poul ki gen tach sou li a, epi gwo bèl kòk la ak tout plim li. Gade zwazo mal la ak zwazo femèl la. Gade kana mal la ak femèl la. Ou wè? E pa gen yon sèl espès nan lemond, ki te kreye, ki ka tronpe epi ki ka tonbe ba menm jan ak yon fanm.

<sup>142</sup> Bon, sè, piga ou leve soti. Tann jiskaske ou fi n tande rèl La. Ou wè? Ou wè?

<sup>143</sup> Pa gen anyen, ankenn femèl apa yon fanm, ki ka imoral. Ou rele yon femèl chyèn “yon manman chyen,” ou rele yon femèl kochòn “yon—yon manman kochon,” men, moralman, yo gen plis moral ke mwatye vedèt fim ki genyen pa bò isit la. Yo pakab lòt bagay ke moral.

<sup>144</sup> E se fanm ki te sila ki te chanje a, pou pèvèsyon an. Se vre. Ou wè kote bote mennen l? Bon, se pou sa ke, jodi a, nou dekouvri ke bote fanm yo ap ogmante. Pran Pearl Bryan, èske ou deja wè foto l? Li sanse se rèn bote Ameriken. Pa gen yon elèv lekòl pami

tout lekòl yo ki patap depase l pou—pou mete l an dènye. Èske ou te konnen ke sa sipoze konsa? Èske ou te konnen ke Bib la te di ke se konsa sa ta pral ye?

145 Èske w konnen ke se yon fanm ki te koz lachit depi nan kòmansman? Epi lachit . . . Fen an ap deroule menm jan an, fanm kap vin n pran otorite epi domine sou lèzòm, ak lòt bagay konsa. Ou konnen Lekriti di sa? Ou konnen, lejou ke l mete rad gason ak koupe cheve l, tout bagay sa yo kontrè ak Pawòl Bondye a. Epi ou konnen li reprezante legliz? Lè w ap gade sa fanm ap fè, ou va wè sa legliz ap fè. Se egzaktman sa. Bon, bon, sa se verite menm jan Pawòl Bondye a se verite.

146 Ankenn lòt femèl paka tonbe pi ba ke yon fanm. E poutan, avèk sa, piske l te fèt apati de- . . .

147 Li pat nan kreyasyon orijinèl la. Tout lòt femèl yo nan kreyasyon orijinèl la: zwazo, mal ak femèl; bèt, mal ak femèl. Men, bò kote vi imen an, Bondye annik kreye yon nonm, epi Li pran nan li. E yon fanm se yon soupwodwi ki soti nan yon nonm, paske Bondye pat etabli yon bagay konsa. Fouye nan Lèzekriti. Se egzaktman sa. Bondye, non, mesye, pa nan kreyasyon orijinèl Li a. Yo te mete l la.

148 Men si li kapab kenbe kò l byen, a la yon pi gran rekonpans l ap genyen pase nonm lan. Yo mete l sou yon teren pou l ka sibi yon tès. Se pa li menm ke lanmò vini. Li koupab pou tout ka lanmò. Men alò Bondye te vire tounen e Li te itilize youn pou retounen bay Lavi ankò; Li te fè Pitit Li lan vini pa fanm nan, youn ki obeyisan. Men youn ki pa bon se—se pi move bagay ki genyen; pa gen anyen ki ka tonbe ba konsa.

149 Kayen, pitit gason Satan an, te panse ke Bondye te aksepte bote. Li kwè l jodi a. Kayen se te pitit gason Satan. Ou va di: “O, kounye a!” Nou pap antre nan twòp detay sou sa, men kite m jis eklèsi sa a pou ou. Bib la di ke li “te pitit mechan an.” Alò, sa regle pwoblèm nan. Dakò. Bon, li te pitit gason Satan. E li te panse ke, nan bati yon otèl e fè l byen bèl pou adorasyon, se sa ke Bondye t ap respekte.

150 Yo panse, panse menm bagay la jodi a. Sètènman. Se: “Nou bati yon gwo bilding. N ap gen gwo denominasyon. N ap bati pi gwo bilding nan e n ap gen moun ki pi byen abiye yo, manm klèje ki pi byen kiltive yo.” Pafwa Bondye elwaye de plizyè dizèn de milyon kilomèt de sa. Se vre. Poutan, se yon legliz.

151 Kifè, si Bondye te annik fè ka de adorasyon, senserite, sakrifis, Kayen t ap jistifye menm jan ak Abèl. Men se akoz yon revelasyon, ke li te konprann ke se pat pòm ke paran l yo te manje.

152 Mwen pral di yon bagay la ki pa sonnen byen pou yon minis di, men m ap di l, kan menm. Mwen tande lòt yo ap di de bagay, kifè mwen . . . yo di ti blag, e se pa sa m vle fè. Men sa mwen di,

ebyen: “Si manje pòm ka fè fanm yo rekonèt ke yo toutouni, nou ta fè mye distribye pòm ankò.” Ou wè? Ou wè? Uh-huh. Ekskize m pou sa, men se jis pou fè chanjman. Mwen kembe nou la a, apede pale de medam yo, ak lòt bagay ankò. Mwen—mwen—mwen vle detann nou pandan yon minit, pou sa k pral vini an. Bon, remake, ou menm . . . Se pat pòm li te ye. Nou konn sa.

<sup>153</sup> Avèk sa l akonpli, legliz sèjousi vin tounen, tankou tout lòt bagay lèzòm akonpli, li vin syantifik. Y ap eseye fòme yon legliz syantifik, avèk atirans bèl foto ak gwo klòch. E se domaj ke Pannkotis yo tonbe nan twou sa. Ou t ap fè mye ak yon tambouren, nan kwen an anba a, avèk Lespri Bondye bò kote w. Men w ap eseye konpare w ak rès lòt yo, paske ou tounen yon denominasyon. Se sa k fè sa. Ou wè? Legliz yo ap eseye vin syantifik.

<sup>154</sup> Epi sonje, pandan ke lòm ap fè pwogrè avèk lasyans, l ap touye tèt li chak jou. Lè li envante poud pou zam, gade kisa sa fè. Lè li envante otomobil, li touye pi plis moun ke poud pou zam. Kounye a li bay tèt li yon bonm idwojèn. M ap mande m kisa li pral fè ak sa a? Dakò.

<sup>155</sup> E se menm jan an pou legliz, pandan l ap eseye akonpli bagay avèk lasyans, ak bagay ke lòm fè, sa ap mennen w pi lwen Bondye, e nan lanmò, pi mal ke jan l te ye anvan an. Se vre. Piga w chwazi legliz ou menm jan w te chwazi madanm ou. Ou wè? Sa lasyans te fè pou li a se te yon mèvèy, men ou ta fè mye w rete lwen legliz sou kesyon sa; li envante penti, poud, ak tout lòt bagay sa yo. Chwazi dapre karaktè Pawòl Li.

<sup>156</sup> Bon ann konpare epouz natirèl jodi a avèk swadizan legliz epouz jodi a. Konpare yon fanm, ki pral marye jodi a.

<sup>157</sup> Bon, jis gade sa lasyans fè pou li. Li soti, dabò, ak cheve l tou koupe, ak youn nan mòd kwafi cheve Jacqueline Kennedy yo, ou wè, oswa yon bagay konsa. E ou konnen kisa Bib la di? Efektivman Bib la bay yon nonm dwa, si li vle, pou mete l de kote, si fanm lan fè sa. “Li se yon fanm san lonè, ki pral koupe cheve l.” Bib la di sa. Dakò. Ou pat konn sa? Huh? O, ya! Mwen preche twòp nan Kalifòni pou nou pa ta konn sa a. Se vre. O, ya! Kisa sa itil mwen? Yo fè l, kan menm. Ou pa ka pran kochon an pou w chanje non l, pou w fè l tounen yon ti mouton. Remake.

<sup>158</sup> Ou pral rayi m apre sa, men ou pral konnen Verite a. Ou wè?

<sup>159</sup> Gade. Ann konpare l. Men l vin la ak yon pakèt bann penti, yon bagay ke li pa ye, yon epouz modèn. Lave figi l, nonm lan va kouri kite l, petèt. Sa fè w pè amò, si w wete tout vye bagay sa sou li. E se konsa legliz ye, ak gwo fasad pentire, yon teyoloji Max Factor nèt ale. Uh-huh. Toude gen yon—yon bèl, fo figi avè yo, bote ke lòm fè men pa bote pa Bondye a. Pa gen anpil karaktè nan ni youn ni lòt.

<sup>160</sup> Remake, tankou Satan, jis ase pou sedwi, konpare epouz modèn lan avè l kounye a: li mete chòt, li mete penti, li koupe

cheve l, li mete rad ki sanble tankou rad gason, e l ap koute yon pastè ki di l ke tout bagay kòrèk. Li se yon sediktè. Li gen pou l soufri pou sa nan rejyon lòt bò yo. Se vre. Li fè sa pou l sedwi, pou l parèt yon bagay ke li pa ye.

<sup>161</sup> Se konsa legliz aji, se pran tit gwo Doktè Divinite, gwo Doktè Filozofi, gwo konesè Lalwa ak Literati. Kifè ou di: “Pastè nou an *sesi, sela, se lòt bò,*” petèt ke li pa konn anyen pi plis sou Bondye ke yon Hotenntot konnen sou nwit an Ejip. Se vre. Dakò. Yo gen kèk eksperyans teyoloji seminè laba a, e yo pa konn pi plis sou Bondye ke anyen menm.

<sup>162</sup> Legliz modèn ak penti teyoloji yo a, hmm, pèmèt tout fanm yo raze glwa yo, avèk kèk ricky ak yon pastè ke yo genyen, tankou yon Jezabèl si jamè te gen youn. Cheve koupe, chòt, penti, tout bagay sa yo asezone avèk yon gou teyoloji, se nan pozisyon sa legliz kanpe. Dakò. Men karaktè espirityèl li byen lwen karaktè metrès kay ke Jezikri ap vin n resevwa a.

<sup>163</sup> Si nenpòt Kretyen an ta marye ak yon fanm konsa, sa montre ke li chite kite gras. Dezi l pou Bondye ak dezi l pou fonde yon fwaye, jan yon fwaye ta dwe ye, trè lwen, lè l chwazi yon fanm konsa. Non, mesye. Se sèten ke fanm sa pap reponn ak gou yon Kretyen. Karaktè espirityèl li se bafon ki pi ba a, mouri, nan bote denominasyon ak konvwatiz monn lan.

<sup>164</sup> Se egzakteman la a ke legliz kanpe jodi a, li vann Satan karaktè ke Pawòl la ba li a, pou yon relijyon syantifik ke lòm fè. Alòske, li te gen dwa, antan ke legliz Bondye, pou l te rete avèk Pawòl Bondye a epi pou l te gen Sentespri a k ap travay nan mitan l, k ap soude Kò a ansanm avèk Pawòl la ak lanmou Bondye. Olye de sa, li vann dwa denès li, tankou Ezaou, e li pran yon denominasyon, ki kite l fè nenpòt sa l vle, oke, jis pou l ka popilè tankou jan manman l te fè l a Nise nan lavil Wòm. Pawòl Bondye a!

<sup>165</sup> O, gade kijan sa antre nan domèn Pannkotis nou an! Se domaj, men sa te fè l.

<sup>166</sup> Remake, jis yon minit, yon mèn nan legliz Katolik. Fanm sa a, pou l ka vin yon mèn, e pou l pòte dènye vwal sa, li abandone l nèt a legliz sa. Li se (nanm, kò, ak espri) pwopriyete legliz sa. Li paka panse pou tèt pa l. Li pa kap gen ankenn panse, lè l ap pòte dènye vwal sa, ankenn panse pou tèt pa l, ankenn volonte pou tèt li. Remake la a, ke Satan fè yo vin pwòp foste l, ki sanble ak vrè a.

<sup>167</sup> Vrè Legliz Kris la, Lepouz, si tèlman abandone l a Li epi ak Pawòl pwomès Li a, jiskaske pwòp panse ki nan Kris la vin nan ou. Se tout yon diferans!

<sup>168</sup> E jodi a nou dekouvri, ke, legliz modèn nan, yon legliz modèn dapre lemonn, legliz modèn dapre lemonn nan e Legliz espirityèl la tou toude ansent, pou yo akouche pitit gason.

169 Youn nan yo, se yon akouchman denominasyonèl, ke l pral bay, youn nan . . . jou, jouk . . . nan jou sa yo, nan Konsèy Mondyal Legliz yo, sa ki pral pwodwi antikris la pou lemond, atravè yon denominasyon. Se egzakteman Laverite. Petèt ke mwen pap wè l nan vivan m. Mwen kwè ke m ap la. Men, nou menm jèn yo, sonje ke nou te tande yon minis di sa. Sa ap abouti finalman. E se sa ki mak bèt la, kan l va fòme Konsèy Mondyal Legliz sa a. Epi li pral akouche pitit gason l lan, antikris la.

170 Lòt la ansent ak Pawòl Bondye a epi li pral akouche Kò a, Kò konplè Jezikri a, ki se Lepouz la. Kò Jezikri a poko fin konplè nèt. Konbyen moun ki konn sa? Yon nonm ak madanm li fè youn. E Kris se yon sèl Kò, Pawòl la. Se Lepouz la ki dwe fòme res Kò sa. E toude, ansanm, pral fòme yon sèl Kò ankò. Tankou jan Adan te ye nan kòmansman an: gason an, ak madanm li, fè youn. Bon, Li menm, vrè Lepouz la, si tèlman abandone l a Li, ke Li pa sèvi ak pwòppanse pa L. Panse pa Li, natirèlman, se volonte pa Li, epi volonte pa Li se Pawòl Li.

171 Bon gade swadizan lepouz la ke lòm chwazi a, e konpare espiritiyèl la ak natirèl la jodi a, yon Jezabèl modèn ke Akab mari l andyoze, bote Max Factor yo, tout lòt bagay. Gade legliz, se menm jan an, men yon pwostitye sou do Pawòl vivan Bondye a; gwo denominasyon, gwo bilding, gwo lajan, gwo salè, yo vann tèt yo nèt. Mesye yo kanpe dèyè chè ap apwouve ke sa kòrèk, e ki kite yo kontinye konsa. Yo jis sedwi, se tou. Se vrèman yon Laj Legliz Lawodise avèg, se egzakteman sa ke Bib la te di l ap ye. “Wap plede di: ‘Mwen rich. Mwen chita tankou yon rèn. Mwen pa manke anyen.’ E se konnen ou pa konnen jan ou malere, jan ou nan gwo nesite, jan ou pòv, avèg toutouni: e ou pa konn sa.” Si se pa ENSI DI SEYÈ A, Revelasyon 3, ebyen mwen pa janm li L. Se sa li ye, e li pa konn sa! Reflechi sou sa.

172 Si ou ta di yon nonm oswa yon fanm, nan lari a, ki toutouni, e ou ta di yo ke yo toutouni, e yo di: “Mele nan pwòp zafè ki pa w,” franchman, gen on zafè tèt pa byen la a. Gen yon bagay ki pa mache byen nan lespri yo.

173 E lè w ka li Pawòl Bondye a, kouman moun ta dwe aji, e batèm Sentespri sa ke nou genyen jodi a, epi, franchman, moun yo, y ap gade ou kòm si w te fou. Ou di yo: “Ou dwe . . .” Yo dwe ne yon dezyèm fwa. Yo dwe kwè Bib la.

174 Yo di: “Se yon vye istwa Jwif, depi byen lontan. Se legliz nou an ki nan vrè chemen an.” Pòv, mizerab, avèg, toutouni, e ou pa menm konn sa. A la yon . . . E Bib la di ke se nan kondisyon sa yo tonbe.

Kouman yon vrè pwofèt ap janm manke wè sa? M pa konnen.

175 Y ap mache drive nan tout legliz nou yo, toupatou. Jis gade l, ki jis ap mache dapre tandans modèn lan. “Vye ansyen pwostitye a ak pitit fi l yo,” dapre Revelasyon 17, kap bay moun sila yo ki “pòv, avèg, mizerab” doktrin teyoloji ki kontrè ak Pawòl Bondye

a. “E yo jwenn lakay li nanm sila yo ki esklav, epi gason kon fanm tou—toupatou.” Olye pou yo atire moun yo . . .

176 Kris konfime Pawòl Li, se sa k atire moun yo. Li pa atire moun yo nan legliz sa yo ki atire ak gwo denominasyon epi gwo zèv, ak yon bann gwo tonton divètisman epi bagay anpenpan. Men Pawòl Bondye a atire Lepouz Kris la.

177 Bon remake. Se interesan pou—pou gade wè jan ke—ke legliz ap eseye atire atansyon moun yo ak bèl wòb epi bèl koral ak inifòm, e fanm ak cheve koupe epi figi pentire. E yo panse . . . E sa tap chante tankou Anj. Ap bay manti tankou demon, ap tounen an won tout lannwit pou al danse nan bal, san reflechi ditou sou sa. E tout sa yo panse: “Se kòrèk. Sa bèl.” Men, ou wè, se fo fabrik. Se pa Pawòl Bondye a.

178 Tandiske, vrè Epouz la atire atansyon Bondye, lè li kenbe Pawòl Li. Bon remake. Koulye a ann gade Kris.

179 Ou va di: “Ebyen, bon, tann yon minit, sak rive ak bote w ap pale la?”

180 Bib la di, nan Ezayi 53:2, ke, lè Jezi te vini: “Pat gen ankenn bote nan Li, ki pou ta fè nou vire gade L.” Se vre? Pa gen ankenn bote. Si L te vini selon bote monn lan, jan Satan fèl jodi a, moun yo t ap gen tan kouri al bò kote L epi yo t ap aksepte L menm jan yo fèl pou legliz jodi a. Yo t ap kwè nan Li, yo t ap resevwa L, menm jan yo fè pou Satan jodi a. Se sèten, yo t ap fèl. Men Li pat vini ak jan de bote sa yo, men Li toujou vini nan bote karaktè. La a, Kris pat yon gwo Gason ki te bo, fò epi kosto. Bondye pa chwazi espès sa yo.

181 Mwen sonje yon lè yon pwofèt te al—al chwazi yon wa, pou tabli l pami pitit gason Jese yo, pou l te ka pran plas yon lòt wa, Saoul. E konsa Jese te pote ba li, pitit gason l lan ki te wo, kosto, byen kanpe a. Li di: “Kouwòn nan pral byen chita, sou tèt li.”

182 Pwofèt la te ale pou l vide lwil la sou li. Li di: “Bondye refize l.” E Li te refize yo tout, jiskaske l te rive sou yon vyep ti nonm, ki gen zepòl li ap tonbe, ak figi l tou wouj. Kifè li te vide lwil la sou li, epi li te di: “Se li Bondye chwazi.” Ou wè? Nou chwazi dapèr je nou. Bondye chwazi dapèr karaktè.

183 Karaktè, pat janm genyen yon karaktè tankou Jezikri. Li viv nan ou epi l manifeste Li. Nou wè se laverite. Se pa bote monn lan nan Li k ap atire Lepouz Li a. Se karaktè Li, karaktè Legliz, ke Jezi ap chache; pa kote ki gen gwo bilding, kote ki gen gwo denominasyon, kote ki gen gwo kat manm. Li te pwomèt ke L ap la kote de oswa twa reyini ansanm. Se vre. Se la ke vrè kwayan an repoze espwa li, se sou Pawòl Bondye a ki konfime nan Laverite, se sa. Chwazi dapèr Pawòl Li, pa dapèr yon bèl ti gwoup monden. Yo rayi sa.

184 Se pa etonan ke Li te divòse l, paske li rate revelasyon Li a, e li pa genyen l. Li pa okipe l, ni nan fason l ap aji ni nan sa l ap fè, e ale wè pou tenten nan monn sa a ke li ramase yo.

185 L ap chache karaktè li, karaktè Kris. Bon, jis yon ti moman kounye a. Se sa. Li chwazi yon Epouz pou reflète karaktè L, poutèt sa legliz modèn yo jòdi a rate sèten pwogram Li—Li an isi a, a yon milyon mil, paske yo nye *Sa kòm Laverite*. Kifè kouman sa ka fèt? Kounye a, L ap tann jou kote Lepouz sa va fin fòme, Ebre 13:8, jis egzaktman jan Sa te ye a, menm jan avè L. Sa te dwe menm chè ak Li, menm zo, menm Espri, menm tout bagay, bati jis egzaktman parèy, epi yo tou de vin fè youn. Toutotan legliz pokò konsa, yo pokò fè youn. Karaktè pa L, Pawòl la, ki pou aj sa, dwe fòme. Lepouz dwe fòme jan Li ye a.

186 Bon, pandan n ap fini an, mwen vle di rezon ki fè m di bagay sa yo, e m va—m va fini. Lannwit pase a, bò twazè dimaten konsa, m te reveye.

187 Mwen ta renmen nenpòt nan nou reponn sa. Èske mwen janm di nou yon bagay nan Non Seyè a ke sèlman sak te vrè? Sa te toujou vrè. Kifè ede m, Bondye konnen ke se laverite. Pa gen pèsòn, ankenn kote nan lemonn, pami milye bagay sa yo ki te di, ke Li janm rate yon sèl mo ladann. Sa te toujou rive pafètman.

188 Se menm jan an tou lè m te Phoenix, lòt jou a, oswa anvivon en nan konsa, e m te pale nou de Mesaj sa a sou—sou *Mesye Yo, Ki Lè Li Ye?* E m te di nou: “Sèt Anj te gen pou vin rankontre laba a,” e se va ouvèti So sa yo, e alò. E men magazin *Life* la—la ekri yon atik sou li, gwo Flann dife sa ki t ap monte anlè a, nan yon otè trant mil [karantuit kilomèt], ak ventsèt mil [karant twa kilomèt] nan lajè. Yo te di ke yo pa ka konnen kisa sa te ye; yo poko konnen. E gen dèzòm ki chita nan bilding sa aswè a, ki te kanpe jis la avè m lè sa te rive, jis sa L te di egzaktman. Li te di m ke bagay yo ta pral rive, e yo te rive konsa egzaktman. Kouman chak So sa yo te louvri, e yo te revele mistè sa yo ki te kache diran tout aj refòmasyon yo ak lòt ankò, jis pafètman.

189 Kouman, mesye yo, yo te kanpe sou tèt mòn lan, twa oswa kat ladan yo kanpe la kounye a menm, wi, gen plis ke sa. Pandan nou tap monte sou mòn lan, Sentespri a te di: “Ranmase wòch sa a.” Nou t ap fè lachas. Li di: “Voye l anlè, epi di: ‘ENSI DI SEYÈ A.’” Mwen te fè sa. Menm kote a yon ti toubiyon van te fòme. Mwen te di: “Nan vennkatrè, nou va wè men Bondye.” Gen dèzòm ki chita la kounye a ki te la.

190 Jou aprè a, li te dizè konsa, nou te kanpe la, mwen te di yon veteran: “Prepare nou. Al kache anba machin sa k la.” Mwen te di: “Gen yon bagay ki pral rive.” Syèl la te byen klè, ale anwo jis nan yon gwo kanyon. Yon toubiyon Dife desann sot nan Syèl la, Li tap soufle ak tout fòs, Li te frape miray yo konsa. Mwen—mwen te kanpe jis jis anba L. Mwen te retire chapo m, e m te kenbe tèt mwen. Li te rete anlè tèt mwen a twa oswa kat pye



konsa, e Li te taye raz yon gwo trou ozalantou miray la konsa, e Li te eksploze. E Li te retounen anlè a, e Li te fè toubiyon an ankò, e Li te desann twa fwa, Li te menm rache tèt ti pye bwa meskit yo nan raje a, sou yon distans desan vèj. Nou tandè mesye yo k ap di: “Amèn”? Yo te la lè sa te rive, ou wè, e te gen twa eksplozyon.

191 Lè yo te soti anba machin yo ak tout lòt bagay, yo te retounen, mwen te di: “Si Sa te frape nou, pa t ap gen yon ti tach lwil.”

192 Mwen di: “Se te—Se te Li. Li t ap pale avè m.” Bondye konn pale nan yon toubiyon. Ou wè? E men menm Kolòn Dife sa w ap gade nan foto a, kanpe la a.

Epi lè Li pati monte, yo di: “Kisa sa ye?”

Mwen di: “Jijman ap frape Kot Wès la.”

193 Dezyèm jou apre sa, Alaska manke koule. Ou wè? Li frape la yon sèl fwa, depi sou premye kou a.

194 Se la, ou dwe fè yon bagay, pou w senbolize l. Tankou nonm sa ki te mete sèl nan yon krich, e li te jete l nan dlo a, pou li te di: “ENSI DI SEYÈ A, se pou gen dlo dous.” E yon lòt fwa, Jezi te pran dlo e Li te mete l nan yon krich, e—e Li te fè dlo tounen diven.

195 Ou dwe gen yon bagay, pou yon senbòl. Se sa sa te ye, sa ki te monte anlè a epi ki te desann lan. Sa te kòmanse fè ti toubiyon sa a. Pandan vennkatrè, Li te souke montay sa jiskaske te gen yon gwo moso arebò tèt la ki te rache.

196 Reveran Msye Blair ki chita isi a, m ap gade l drèt devanm nan kounye a, li te la anwo a e li te ramase kèk moso, ak lòt bagay. Men Terry Sothmann, yo menm, ki kanpe isi a, ak Billy Paul. Epi frè yo, kèk pami pakèt lòt sa yo ki chita isi a, yo te jis la pou yo te wè l rive lè Sa te rache l.

197 Sa se pa lejann. Se laverite. Se pat byen lwen nan epòk Bib la. Se kounye a. Ou wè? Menm Bondye sa ki te toujou montre m bagay sa yo, ebyen yo te akonpli, egzaktman alalèt. Yo pa janm rate yon sèl fwa. Bon m ap fè gam pou Li.

198 Gen kèk semèn de sa, m te nan yon vizyon. E mwen te kanpe yon—yon kote byen wo, e mwen te wè yon apèsi Legliz. E mwen te remake, ki t ap vin bò. . . Mwen te plis kanpe fason sa a, anfas Lwès. Epi kiyès ki t ap vini nan direksyon sa a se te yon bann bèl medam, vrèman byen abiye, cheve long byen ranje pa dèyè, rad ak manch, epi jip ki desann jouk anba nèt. E yo tout t ap mache opa, tankou: “Ann avanse, solda Kreyen yo, nou pral nan lagè, ann mete kwa Jezi devan nou.” E antan yo t ap pase, mwen te kanpe, e te gen yon Bagay la a, yon Espri, se te Bondye, e ki di: “Men Lepouz.” E mwen te gade, e kè m te kontan. E Li te pati nan yon tounan konsa, e Li pase vire dèyè m.

199 Yon ti tan aprè, lè li te tounen nan direksyon sa a, Sa te di: “Kounye a se apèsi legliz modèn lan ki pral pase.” Epi men legliz ki soti an Azi a. M pa janm wè yon bann moun devègonde konsa.

200 Men lòt legliz yo ki t ap vini, yo te soti nan diferant nasyon. Yo te sanble yo terib.

201 E mwen—mwen di sa paske se devwa m pou m di laverite, devan Bondye. E lè Li di: “Men legliz Ameriken an k ap vini kounye a, pou apèsi pa l,” si m te janm wè yon bann denmon, se te sa. Medam sa yo t ap mache toutouni, avèk yon vye bagay ki gen koulè gri, menm jan ak koulè po elefan. E yo te kenbe l devan yo, san l pa gen anyen sou anlè ditou. Epi yo t ap fè yon kalite de tenten, ke, jan de dans sa—sa yo ke ti moun yo konn ap fè deyò a, zafè vire ren sa a ak tenten sa yo, e yon sòt de mizik ki t ap jwe. Enben lè m te wè Miss U.S.A. ki t ap pase, mwen te manke pèdi konsans.

202 Bon, se ENSI DI SEYÈ A. Si nou kwè mwen se sèvitè Li, kwè m kounye a. M pa t ap janm di sa pou anyen nan monn lan. Pa gen ase lajan nan lemonn antye pou ki ta fè m di sa si se pat vre.

203 E lè l te rive, se te bagay ki te pi devègonde ke m te ka wè. Mwen di nan kè m: “Bondye, jan predikatè yo ak nou menm frè yo nou travay di pou n ba Ou yon Epouz, e se sa nou ka ba ou pou pi bon.” Li t ap vire ren l, epi li te kenbe bagay sa pou l bare devan l, ki tankou youn nan jip awayèn sa yo ki fèt ak yon bagay, li te kenbe l devan pati l, pati entim li, *konsa*, li t ap danse ak vire ren l jan ti moun yo konn ap fè l deyò a nan . . . nan vye espektak vilgè ke yo konn ap fè yo, lè y ap vire ren yo. Se te sa Miss Kreyente pou Ameriken.

204 Kifè ede m, ke Bondye ede m, se sa l te sanble nan prezans Li. Mwen—mwen fèk . . . Mwen kòmanse . . . Mwen te ka pèdi konsans. Mwen di nan kè m: “Pou tout efò nou fè, e pou jan nou preche, e pou jan nou konvenk?” Yo chak te gen cheve koupe, epi yo t ap vire ren yo epi kontinye ap avanse, epi yo te kenbe bagay sa a devan yo. Yo te vin pwoche, bò kote m te kanpe a ak Èt sinatirèl la. Mwen pat kapab wè L. Mwen te ka tandè L ap pale avè m; Li te jis bò kote m. Men lè yo te tounen sou bò sa, yo te kenbe bagay sa. E yo te jis ap vire ren yo e yo ap ri pandan yo prale, ap kontinye konsa, yo te kenbe bagay sa devan yo.

205 Bon, men mwen ki te kanpe nan Prezans Li la a, yon sèvitè L. “E pou tout efò m te fè, se sa m te ka fè pou pi bon?” Mwen di nan kè m: “Bondye, kisa sa te itil mwen? Kisa sa te itil? Pou jan n kriye, e jan n sipliye ak konvenk, e pou tout gwo siy sa yo epi bèl mèvèy ak mirak sa yo ke W te montre. E pou jan m te konn kanpe la, apre sa m te konn al lakay mwen e m te konn kriye lè m te fi n preche yo ak lòt bagay, epi kisa sa te itil mwen? E se yon bagay konsa m te gen pou m te prezante devan W, pou Epouz?”

206 Epi pandan m te kanpe la, ap gade, li te fin pase. E ou ka imajine w pati dèyè a, avèk anyen sou li, ap kenbe bagay sa devan l antan l t ap mache ap sekwe dèyè l, konsa, ak dans vire ren an, li t ap voye kò l konsa. E, li, o, ala li te vilgè, pou jan l te kontinye ap mache a, li t ap kadanse kò l konsa. Bon mwen . . .

207 Ou va di: “Kisa sa vle di, Frè Branham?” M pa konnen. M jis ap di w sa m te wè.

208 E lè l te fin pase konsa, m te gade l. O, m te vrèman pèdi konesans. M te jis vire tèt mwen. M di nan kè m: “Bondye, m fini. Pa gen—pa gen ankenn nesosite pou m ap eseye ankò. Se mye petèt ke m abandone.”

209 Madam Carl Williams, si w chita isit la, epi rèv sa ou te pale m nan, toutalè a, ke w te fè lòt swa a, ki t ap trakase w la, men li. Yo pran kòn lan nan menm.

210 Alò, m te jis di nan kè m: “Petèt se mye ke mwen—mwen jis bliye sa.” Se te fini pou mwen.

211 Alò, briskeman, m tandè L ki t ap retounen ankò. E kilès ki t ap vini sou bò *sa a* menm Epouz la ki te pati laba a bò lòt kote *sa a*. Men menm ti medam sa yo ankò, e yo chak te abiye ak rad nasyonal peyi kote yo te soti, tankou Laswis, Lalmay, ak lòt ankò, yo chak te mete jan de rad sa, tout te gen cheve long, jis egzaktèman tankou lòt ki te pase anvan yo. E men yo ki t ap vini, ap mache. “Ann avanse, sòlda Kreyen yo, nou pral nan lagè.” E lè yo te fin pase tribin kote nou te kanpe a, briskeman, tout je te brake nan direksyon sa. E konsa yo te vire gade dèyè, e yo te pati, ap mache.

212 Epi jis pandan yo te kòmanse ap monte drèt nan syèl, lòt sa yo te monte arebò yon ti mòn e yo te desann, *konsa*.

213 Sila yo te kòmanse ap mache toudrèt nan syèl. E pandan yo t ap mache, m te remake kèk jèn tifi ki te rete dèyè, yo te sanble petèt ak kèk tifi ki soti nan peyi etranje, tankou Laswèd oswa Laswis, oswa kèk lòt kote. Yo t apede gade ozalantou, epi yo te. . . Mwen di: “Pa fè sa! Pa soti nan mache opa a!” E pandan m t ap rele fò konsa, mwen te vini, nan vizyon an, kanpe ak menm lonje *konsa*. Mwen di nan kè m: “Ebyen. . .”

214 Se poutèt rezon sa mwen di sa m te dwe, aswè a. M vle poze w yon kesyon. Èske l pita ke nou panse? Èske yo pa deja rele L epi chwazi L, sele prèt pou pati? Pa t ap gen yon sèl anplis, ou konn sa. Èske sa ta ka posib? O, wi. O, wi.

215 Sonje sa m te di, lòt jou pandan n tap pran manje maten an. Kan se lè pou polèn lan fè kwazman mal ak femèl lan, gen yon milyon jèm ki libere, ak yon milyon ze ki libere. Men se youn sèlman k ap arive viv, e, poutan, yo tout jis sanble parèy: youn sou yon milyon. Yo tout, se menm ze a ak menm kalite jèm lan. Youn nan yo ap viv. Tout rès yo ap mouri.

216 Pèsòn pa ka di kilès ze ki pare a, e, o, ki sa ki konsène l. Se Bondye ki dwe deside sa, si l pral yon ti gason oswa yon ti fi, blon oswa brinèt, oswa nenpòt sa l pral ye a. Se Bondye ki deside sa. Se pa premye sa k rive a, men se premye sa Bondye deside a. Petèt youn ap sot *isi a*, epi youn. . . Èske w te janm remake, nan tib yo konn fè tès yo, pou wè jan yo vin ansanm. M te gade l byen.

Se Bondye ki dwe decide sa. Youn, yo tout, jis sanble parèy, men se eleksyon an. Nesans natirèl la se eleksyon. Bondye pran youn sou yon milyon.

<sup>217</sup> Lè Izrayèl te kite Lejip, yo te sou wout pou latè pwomiz, yo te apeprè de milyon moun. Yo tout te sou proteksyon menm ayo k te sakrifye a, osinon yo pa t ap rete vivan. Yo tout te tande Moyiz, pwofèt la. Yo tout te batize nan li, nan Lanmè Wouj la. Yo tout te danse, fanm yo t ap danse ak Miryam, ap monte desann bò plaj la (kilè), lè Bondye te aneyanti lènmi an. Yo tout te kanpe ak Moyiz, e yo te tande l chante an Espri. Yo, tout, te manje laman nan dezè a, ki te desann sot nan Syèl la. Laman frèch, chak swa, se te yon tip Mesaj la, yo tout te manje ladann. Men, pami de milyon sa yo, konbyen k te rive? De. Youn sou yon milyon.

<sup>218</sup> Genyen apeprè senk san milyon Kretyen nan lemonn aswè a, Katolik yo ak tout lòt yo. Senk san milyon swadizan kwayan nan lemonn. Si Anlèvman an ta fèt aswè a, sa ta vle di . . . si se yon sèl sou yon milyon ki konte. Mwen pa di se sa. Men si se te sa, senk san moun, nan vennkatrè k ap vin la, t ap disparèt. Ou pa t ap menm janm tande pale de sa. Pral gen menm kantite a kap disparèt, antouka, sa pa ka menm konte.

<sup>219</sup> Alò sa kab, rive nou tou, zanmi, menm jan sa te rive lè Jan Batis te vini an. Menm disip yo te di: “Pou kisa Lèzekriti di, pou kisa apot yo—yo oswa pwofèt yo di, pou kisa yo di ke Eli dwe vini anvan pou li retabli tout bagay?”

<sup>220</sup> Li di: “Mwen di nou ke Eli deja vini, men nou pat konn sa.”

<sup>221</sup> Youn jou konsa nou kapab byen rete dèyè isit la: “Kote Anlèvman an ki te dwe fèt anvan tribilasyon an kòmanse a?”

“Li deja vini e ou pat konn sa.”

<sup>222</sup> Tout Kò a, fin sele, se jis opa y ap kenbe L. M pa vle di se konsa l ye. M swete l pa ta konsa. Men, zanmi, lè l kite . . .

<sup>223</sup> Si nou te santi sou kè nou, aswè a, ke nou ta dwe met vi nou annòd, epi bagay nou te fè, kite m ba w yon konsèy, antan ke yon frè minis. Se premye fwa m pral di sa, dèyè chè a. Mwen fè yon rale pipils aswè a, sou bagay *Sa*, ke m konn fè sou nenpòt lòt bagay, nenpòt lè a, nenpòt fason an, devan piblik, paske mwen te trè alèz nan reyinyon sa yo. Si w kwè mwen se pwofèt Bondye, koute sa m sot di w la. Si gen yon tikras santiman k ap rezone nan kè w, al kot Bondye kounye kounye a. Fè sa.

<sup>224</sup> Mesye, fè yon kanpe jis yon minit. Konsidere kredo ou—ou ke w ap pratike yo. Gade nan legliz ou yo. Èske l ap mache jisjis egzaktman avèk Pawòl Bondye a? Èske w reponn a tout egzijans yo? Ou va di: “Mwen se yon nonm ki bon.” Nikodèm tou, ak tout lòt rès yo. Yo—yo te debyen. Ou wè? Sa pa gen anyen pou l wè ak Sa.

<sup>225</sup> E, fanm yo, mwen vle nou gade nan glas, epi gade kisa Bondye mande yon fanm pou l fè. E gade nan glas pa Bondye

a, pa nan glas pa legliz ou a kounye a, nan glas pa Bondye a; e gade pou w wè si w te ka kalifye, nan lavi w, pou ou Lepouz espiritiyèl Jezikri a.

<sup>226</sup> Minis yo, panse menm jan. Èske w pase sou kote *isi* a, pou w ka epaye santiman yon moun la ba a? Èske ou t ap fè *sa* si se pat. . . e y ap mete w deyò nan legliz yo? Si se konsa ou santi w, chè frè mwen, kite m avèti w, nan Non Jezikri, kouri kite bagay sa kounye kounye a.

<sup>227</sup> E, madam, si w pa kapab mete w alawotè egzijans yon Kretyèn, pa tankou youn ki pote non Kretyen, men nan kè w, e vi w kopi konfòm egzaktman jan sètifika maryaj Bondye a ye, *isi* a, se sa l dwe ye. . .

<sup>228</sup> E, ou menm manm legliz, si legliz ou a pa konsa, si l pa kapab mete l alawotè egzijans Pawòl Bondye a, soti ladan l epi antre nan Kris.

<sup>229</sup> Sa se yon avètisman solanèl. Nou pa konnen kilè li ye, e ou pa konnen kilè li ye, ke vil sa yon jou pral chita poze jis nan fon lanmè sa a.

<sup>230</sup> “O, Kapènwòm,” Jezi te di, “ou menm k ap leve tèt ou nan syèl, ou gen pou w tonbe jis nan lanfè. Paske, si kokenn chenn zèv sa yo te fèt nan lavil Sodòm ak lavil Gomò, yo t ap kanpe djanm ankò jodi a.” E, Sodòm, ak Gomò chita poze nan fon Lanmè Lanmò a. E Kapènwòm anba fon lanmè.

<sup>231</sup> Ou menm vil sa, ki rele tèt ou vil Anj yo, ki fè gam tèt li jis nan syèl, epi ki ap voye tout vye bagay alamòd sal, devègonde sa yo ak bagay konsa, jiskaske menm lòt peyi etranje vin chache salte nou yo pou pote yo ale, pou bèl legliz ak klòche w yo, ak lòt ankò, jan ou fè a. Sonje, yon jou ou gen pou ou poze nan fon lanmè, ou gen yon gwo nichmyèl anba w kounye kounye a. Kolè Bondye ap gwonde drèt anba w la. Jiskilè L ap kenbe miray sab sa pandye anlè sa? Kilè, lanmè sa k laba a, ki gen yon mil [yon kilomèt sis] pwofondè, apral glise antre la, pou l rankontre ak Lanmè Salton lan. Sa gen pou l pi mal ke lè dènye jou Ponpeyi a. Repanti, Los Angeles.

<sup>232</sup> Repanti, rès lan nou yo, e tounen vin jwenn Bondye. Moman kolè Li a rive sou latè. Chape poul ou pandan ke gen tan pou w chape poul ou, epi vin jwenn Kris.

Ann priye.

<sup>233</sup> Bondye Damou, alòske, nan lespri m, mwen ebranle, kè m ap vèsè gout dlo avètisman. Fè ke, O Bondye, mesye ak medam yo pa panse ke sa m di yo a se yon blag, e manm legliz yo pa panse ke mwen gen yon jan de prejije sou yo oswa yon bagay kont yo. Ke yo kapab wè, Seyè, se avèk lanmou.

<sup>234</sup> Sèvi m temwen, Bondye Toupuisan, ke se pa ti kras monte desann mwen fè bò gwo kòt sa, ane aprè ane, pou m anonse Pawòl Ou. Sèvi m temwen, O Bondye, si sa ta dwe rive aswè a, mwen te

di Laverite. Ou konnen ke vizyon Lepouz sa se Laverite. Mwen pran Non Ou pou temwen, Seyè, e mwen di ke se ENSI DI SEYÈ A. E mwen santi ke m konsyan, Seyè, de sa m ap fè a.

<sup>235</sup> Kifè mwen priye W, Seyè, nan Non Jezi, fè moun yo sekwe kò yo, aswè a, epi chape poul yo akoz kolè ki pral vini an, paske Ikabòd ekri sou pòt yo ak nasyon yo. Yo mete yon gwo siy nwa sou yo. Lespri Bondye atriste poutèt sa, e yo te peze yo nan balans pou jwenn yo te fèb. Fèt Wa Nebikadneza a repete ankò, ak banbòch koule breson ak fanm ki abiye amwatye, k ap rele tèt yo Kreytèn.

<sup>236</sup> O Bondye ki nan Syèl la, gen pitye pou monn pechè sa ak pèp pechè sa, Seyè, se sa ke nou ye aswè a. Bondye, m ap eseye kanpe nan mitan pou m ka reklame gras lamizèrikòd Divin ou, konsa W ka pale nan mitan foul la aswè a pou W ka di Lepouz Ou fè atansyon, Seyè, pou l pa mache dapre siy ankenn kredo, men dapre son Levanjil Seyè Jezikri a. Ban nou l, O Bondye. Ke sa klè, aswè a, ke Ou se Bondye, e ke Pawòl Ou se Verite. Alòske, solanèlman, devan moun sa yo, n ap di yo fè atansyon ak Pawòl Ou a.

<sup>237</sup> Nan Non Jezikri, mwen priye pou yo, Seyè. Yo te wè W, san ankenn lonbraj menm yon tikras dout, ap bouje nan mitan foul moun yo, ap di yo sa k nan kè yo. E Ou konnen, Seyè, ke, kounye kounye a menm, ki sa k ap pase. Ou konnen ke se Laverite, O Bondye. E mwen priye W, nan Non Jezi, pèmèt ke Sentespri a entèsede ankò, Seyè, e ke L kapab atire nan asanble a, Seyè, sa yo ki enskri nan Liv de Vi Ayo a. Ban nou l, O Bondye. Mwen priye ak tout kèm.

<sup>238</sup> Moun sa yo, natirèlman, Seyè, te ka ban m dènye penich yo te genyen, pou sipòte Mesaj la. Yo te ka fè tout sa yo kapab. Men, O Bondye, kan se moman pou fè kò avè L, epi antre ladan L, m priye, Bondye, ke se aswè a Ou pral rekonpanse epi devèse Sentespri W sou konvansyon sa. Epi ke sa pa jis ganbade, oswa sote vire ponpe men pito se kriye ak de ran dlo, rele, ak repantans, kenbe kòn lotèl la fèm, alòske nou wè jijman k ap gwonde jis anba nou, aswè a. Ban nou l, Bondye. Mwen mete tout senserite m konnen deyò pou m priye, nan Non Jezikri.

<sup>239</sup> Frèm, sèm, mwen—mwen pa konn sa pou m di ankò, si m jwenn favè devan nou, gras ak puisans Bondye, si nou kwè m se pwofèt Li. Se premye fwa m te janm di sa an piblik. Men mwen santi yon jan de avètisman. M pa gen tandans konsa. Nou konnen m pa konsa. M pa konn ajì konsa. M te ezite preche Mesaj sa epi pou m te di bagay sa yo. M pase sou kote ak tout lòt bagay, pou m te ka pa fèl. Men, Sa te di, e Sa gen pou kanpe fèm Jou Jijman an, kòm yon temwen ke m te di Laverite. Se ENSI DI SEYÈ A! . . . ? . . .

<sup>240</sup> O, ou menm Pannkotis, kouri sove lavi w. Chape poul ou bò kòn lotèl la epi rele, anvan l two ta, paske gen yon lè k pral vini kote w ka kriye e sa pap sèvi anyen. Paske Ezaou te chache pou

jwenn yon kote, pou dwa denès li, e l pat ka jwenn li. Mwen remèt nou, o, Kalifòni. O, konvansyon Òm Dafè Tout Levanjil la, ke mwen renmen, ke mwen te kite e ke m rete atache, ak tout kè m, mwen remèt ou bay Jezikri, aswè a. Chape pou l ou bò kote L! Pa janm kite dyab la refwadi ou sou Sa. Rete fèm avè Sa jiskaske nou, tout moun, ranpli ak Sentespri, sitèlman, ke sa ap fè w vin jwenn Pawòl sa, ke sa ap fè medam yo mete yo annòd, l ap fè mesye yo mete yo annòd. Si w di ou gen Sentespri, e ou pa fè kò ak Pawòl la, se yon lòt espri ou gen sou ou. Lespri pa Bondye a rete nan Pawòl Li, Mesi a, Pawòl ki gen lonksyon an. Lepouz la dwe yon ti Mesi, Pawòl ki lonksyon an.

<sup>241</sup> Ann kanpe sou pye nou, nan Non Seyè Jezikri. Si w pa ta janm tandè vwam ankò. . . Men, si Bondye vle, m ap prepare m pou m al an Afrik, nan kèlke zè. M ka pa janm tounen. M pa konnen. Men m di w, ak tout kè m, mwen te di w Laverite. M pa evite di w tout sa ke Bondye te di m di. E mwen te di Sa nan Non Seyè a.

<sup>242</sup> Se yon moman solanèl. M pa konn kòman pou m di l. M eseye pati kite chè a twa a kat fwa, men m pat kapab fè l. Sa a se yon moman solanèl. Pa janm bliye l. Se moman ke, petèt, Bondye ap fè dènye apèl Li. M pa konnen. Li gen pou L fè dènye apèl Li, yon jou. Kilè? M pa konnen. Men m ap di w, dapre vizyon sa a, sanble ke Epouz sa a sou pwèn konplete.

<sup>243</sup> Gade legliz ki pote non legliz yo k ap vini. Lè vyèj k ap dòmi an te vin chache Lwil, li pat ka jwenn Li. Lepouz te antre. Anlèvman an te monte. “Pandan yo t al achte Lwil, Epou a te vini.”

<sup>244</sup> Èske w ap dòmi? Reveye w, byen vit, epi pran kab ou. E annou priye, nou chak, kòm si nou ta pral mouri nan minit sa, nan Non Seyè a. Ke, chak moun, priye nan fason pa l.

<sup>245</sup> Bondye Toupuisan, gen pitye pou nou. Seyè, gen pitye pou mwen. Gen pitye pou nou tout. Kisa sa ap itil, nenpòt sa nou fè a, si nou manke bagay sa yo? M kanpe pou m mande pitye, O Bondye, anvan gwo vil sa neye nan bafon lanmè epi jijman Bondye baleye gwo kòt sa. Mwen priye, Bondye, pou Ou ka rele Lepouz Ou. Mwen remèt yo ba Ou kounye a, nan Non Jezikri. Amèn. Amèn. . . ? . . . Mwen di la verite. . . ? . . .



*CHWAZI YON EPOUZ* CRE65-0429E

(The Choosing Of A Bride)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on jedi swa, 29 avril 1965, pou konvansyon Fratènite Entènasyonal Òm Dafè Levanjil Konplè a nan Otèl Biltmore, nan Los Angeles, California, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)